The Shona Herald

Mharidzo Yokuuya Kwake

No. 2 2007

Shoko Ramwari Rakakosha Zvikuru

naAndrew Muray

"Munhu haangararame nechingwa bedzi asi neshoko rimwe nerimwe rinabva mumuromo waMwari" [Mateo 4:4]. Muenzaniso unoshandiswa nalshe wedu, apo shoko raMwari rinofananidzwa nechingwa chedu chezuva nezuva, wakadzama zvikuru. Chingwa chakakosha zvikuru kuupenyu hwedu tose. Hatingararami kana tisinacho, tose izvi tinozviziva. Hazvinei kuti uri chamangwiza akaita sei, kana ukasadya muviri unorukutika, uye upenyu hungangoguma. Zvakangodarawo neshoko raMwari. Rine udosvi, kauzodzwa kedenga, kano shanda zvinesimba kuavo vose vanotenda.

Chingwa chinofanira kudyiwa. Ndingave neruzivo rwakawanda pamusoro pechingwa. Ndingave nacho chingwa kana kutopawo vamwe. Ndingave nacho mumba mangu uye chigoti tekeshe pamatafura angu, asi izvi hazvindibatsiri; kana nourwere ndikasachidya, ndinofa. Naizvozvowo ruzivo chete rweshoko raMwari, kana kuriparidzira vamwe hakubatsiri chinhu kana usingadyi.

Hazvina kukwana kungofunga nezvaro, ndinofanira kudya Shoko raMwari, kuritora nokuriisa mumwoyo mangu. Murudo nokuteerera ndinofanira kutambira mashoko aMwari uye kuarega achibatabata mwoyo wangu. Ndoopone manzwi oupenyu zvechokwadi.

Chingwa chinofanira kudyiwa zuva nezuva. Zvinongodarowo neshoko raMwari. Munyori wePisarema anoti iye, 'akaropafadzwa munhu anofirira murayiro waJehovah uye anofungisisa murayiro wake masikati nousiku [Ps 1:2] *"Haiwa,ndinoda murayiro wenyu sei! Ndinoufungisisa zuva rose"* [Ps119:97]. Kuti ugova nesimba pamweya neupenyu, Shoko raMwari rinofanira kukosheswa muupenyu hwako zuva nezuva..

Vachiri panyika Ishe wedu Jesu vakadzidza, kudisisa nokuteerera Shoko raBaba. Kana uri kutsvaga kuyanana naye [Ishe Jesu], unomuwana chete muShoko rake [Bhaibheri]. Kristu vachakudzidzisa kuyanana naBaba kubudikidza neShoko, sezvo yaiven iyo tsika yavo. Uchadzidza, saiye, kuraramira kukudzwa kwake uye kuzadzikisa Shoko rake.

Tino Verenga Sei Shoko Ramwari

Heinoi mitemo yakapfava yatingashandisa pakurava Shoko raMwari.

Verenga Shoko raMwari neruremekedzo rukuru. Imbofungisa, muchinyararire uye kwechinguvana chishomana kuti Shoko iri rawakatarisana naro rinobva kuna Mwari pachavo rinibva pamuromo wake. Pfugama hama mururemekedzo rukuru. Imbonyarara, zvineruremekedzo, pamberi paMwari. [Shoko rave rakakosha] Rega vakuzarurire Shoko ravo mukati-kati mumwoyo mako.

Verenga nokunanzerera kukuru. Ukaverenga manzwi neuchapa [zvisina ruremekedzo, uchifunga kuti haiwa uchabata dudziro dzawo nepfungwa uye nokufungawo kwavamwe vanhu, chenjera ungango shandira zvisipo, uye haunga kwanisi kuzopindiwo muudzamu-dzamu hwefpungwa dzavo. [Somuenzaniso] Kana mumwe munhu [ari mudzidzisi] akaedza kutitsanangurira unaku nekukosha kechimwe chinhu, [isu sevadzidzi] tinoedza zvikuru sei kuteerera nokunzwisisa izvo zvauri kuda kutiudza. Ko Shoko nepfungwa dzaMwari hadzina kupfuura ndangariro dzedu uye dzomunhu here. *"Sokukwirira kwakaita matenga kupfuura nyika, saizvozvowo nendangariro dzangu kupfuura dzenyu"* [Isaya 55:9]. Tinofanira kumupa kuteerera kwakaperera zvakaoma zvikuru kubata nokunzwisisa tsananguro dzemweya.

Nyengeterera kutungamirwa neMweya Mutsvene paunoverenga Shoko. Mweya Mutsvene chete waMwari angaita kuti Shoko rive benyu nesimba mudzihana noupenyu hwedu. Verenga Mapisarema 119 unzwe udobo-dobo huri mairi maringe neShoko raMwari. Nyatsonzwisisa manyengeterero anoita Davhidhi kuti Jehovha vamudzidzise, uye nokuvhura meso ake uye kumupa kunzwisisa kuti agorekere hana yake kunzira dzaMwari. Paunoverenga rangarira kuti Shoko raMwari uye neMweya waMwari hazviparadzani [zviri pamwe chete vamwe vagiti ibhande nebhurugwa].

Verenga Shoko une chinangwa chokurichengeta muhana neupenyu Hwako siku nesikati. Upenyu hwose nemwoyo wose unofanira kuva pasi peShoko raMwari. Davidha anoti iye, *"Haiwa, Jehovha ini ndinoda mirayiro wenyu sei! Ndinoufungisisa zuva rose"* [Mapisarema 119:97]. Naizvozvo mubikitira rezuva nezuva, mutendi anofanira kuchengetedza Shoko mumwoyo make nekurifungisisa nguva dzose. Verengazve Ps 119, kusvikira wagashira Shoko raMwari muhana yako uye nyengeterera kuti urinzwisise uye ugoita zvarinotaura muupenyu hwako.

(Inoenderera Mberi Papeji 2)

Nhungamidzo
TINASHE AKATENDEKA

Na G. Ndiriwenyu

2 Tesaronika3:3 mupositori Pauro anoti, *"Asi Mwari wedu akatendeka achakusimbisai nokukuchengetai kuno uyo wakaipa."* Kubvira pasichigare, uye pamarudzi nemarudzi, Mwari vakaita zvishamiso neminana kubudikidza nemhodzi yokutenda, uye nokutenda vanokwanisa kuitawo zvimwe chetezvo muupenyu hwako. Ndapota batisisa inzwi iri— **Kutenda!!** Jehovha, Mwari vedu vane simba rose. Nguva iri ipi zvayo yatinenge tichida rubatsiro rwavo, Jehovha Mwari vakamirira kutipa nokutibatsira. Nzeve dzavo dzakavhurika kukuchema kwavanomutya uye *"Nzeve dzake dzinonzwa kuchema kwavo"* [Pisarema 34:15-18]. *"Meso ake Jehovha anotarira-tarira kumativi ose enyika yose kuti aratidze simba rake kuna iye ano mwoyo wakarurama kwazvo kwaari"* [2 Makoronike 16:9]. Vakarurama vakadana kuna Jehovha iye uchavanzwa agoti *"Ndiripano"* [Isaya 58:9]. Avo vanemwoyo yakaputsika achavarwira panjodzi dzavo dzose uye vanemweya yakapwanyika achava ponesa nokuvaporesa. Murudo rwavo rukuru noungwaru hwavo huno shamisa nokukatyamadza Jehovha vakavimbisa kuti vachakutungamirira, kukubatsira uye vachakukomborera zvakapfurikidza. Shoko guru randinaro mwedzi uno kunewe hama mudikani ndeiri... "Iwe neni tinashe akatendeka." Tinashe anotida, anotiziva uye anogona kutivhurira gwara apo panorakidza sepasina gwara. Jehovha anotsemura gungwa rakatsamwa kuti iwe neni tipinde nokupfuurira. [Ekisodho 14:13]. *"Jehovha anokwanisa kushandura mvura yepaMara, inovava kuti inwike"* [Ekisodho 15:22]. Ndi Jehovha anokwanisa kutipa mvura kubva padombo, mugwenga musina nemvura. Zvokwadika Mwari vedu vanogona uye vanovimbika ramba wakabatirira pavari.

Mwari vedu havangorina simba chete. Vanoziva zvose. Naizvozvo tinokwanisa kuvimba navo, nguva dzose, kuti vachatitungamirira kwose kwatinoenda uye muzvose zvatinoita. Vanoona zvatisingaoni uye vanoziva zvose zvatinoda tisati tazvitaura. Paunotarira kwaari, mukutenda kwose, uchitsvaga rubatsiro noutungamiriri hwake, mukati-kati mehana yako, ziva "kuti zvinhu zvose zvinobatirana kuti zviitire zvakanaka kune avo vanomuda uye vakasarudzwa naye." Shoko raMwari kuvaRoma rinoti – *"[Nokuti] Tinoziva kuti zvinhu zvose zvinobatirana kuti zviitire zvakanaka avo vanoda Mwari, uye avo vakadanwa sezvaakafunga"* [8:28] Vimba naye nguva dzose, ramba wakabatirira kuzvipikirwa zvake, zvichishata kana zvichinaka zvichvava kana zvichitapira. *"Vimba naJehovha, uite zvakanaka; Gara panyika, ushingairire kutendeka. Isa nzira yako kuna Jehovha; Vimbawo naye, iye achazviita"*

(Inoenderera Mberi Papeji 3)

Shoko Ramwari...

(Kubva Papeji 1)

Shoko Nemunyengetero

"Chengetedzai upenyu hwangu, imi Jehovha, zvakafanira Shoko renyu" [Pisarema 119:107].

Munyengetero [munamato] neShoko RaMwari, hazvimbofaniri kuparadzaniswa, zvinofanira kufambidzana. MuShoko, Mwari vanotaura neni; mumunyengetero ini ndinotaurawo naMwari. Kana pachifanira kuva nekudyidzana kuzere, ini naMwari tinotofanira kuva mudariro. Kana ndikangonyengetereni, ndisingashandisi Shoko raMwari, ndingangozo gumaka ndoshandisa dzangu pfungwa nemanzwi. Izvi zvinopa munyengetero simba, kuti ndinotora nokutaura pfungwa dzaMwari kubva mushoko rake ndodziyanika kwaari, pamberi pavo uye saishe wangu. Saizvozvowo ndinokwanisa kunyengetera zvinoenderana neShoko rake Mwari.

Tarirai kukosha kweShoko muminyengetero yechokwadi uye iyo ine simba. Pamunyengeterero ndinofanira kutsvaga kuziva Mwari zvakakwana uye zvakazara. Mweya Mutsvene agondipa mifungo yakatwasu kuswatuka panaMwari kubudikidza neShoko ravo Dzvene. Shoko rinondizaruriwo utadzi neumamvemve hwangu. Rinondizarurirawo zvishamiso zvingaitwa naMwari mandiri nesimba raanokwanisa kundipa kuti ndiite kuda kwake. Shoko rinondidzidzisawo kunyengeterera – nokuda kunesimba, kutenda nokutsungirira. Shoko haringondi dzidzisi chete zvandiri, asiwo zvandingave kubudikidza nenyasha dzake Mwari. Pamusoro pezvo Shoko rinondiyeuchidzawo zuva nezuva kuti Kristu ndiye mumiriri pakunyengetera uye iye anondibvumira kunyengeterawo muzita nesimba rake.

O mutendi wakristu, dzidza ichi chidzidzo chikuru, kumutsurudza nokuvandudza simba rako zuva nezuva muShoko raMwari, kuti ugonyengeterera zvinoenderana nokuda kwake.

Regai titarire kurimwe divi – Munengetero

Tinofanira kunyengetera patinorava Shoko raMwari – kuti tizive nokunzwisisa Mwari, kunyengeterera kuti kubudikidza neMweya Mutsvene ndigoziva Shoko raMwari – munyengetero wokuti ndigoona, muShoko kuti Kristu ndivose muzvose, uye vachava zvose mandir.

Yakakomborerwa Nzvimbo tsvene-tsene, umo ndinoswedera panaMwari munakristu kubudikidza neShoko nemunyengetero. Apo ndinopira upenyu hwengu kunaMwari uye kubasa rake, uye ndigosimbiswa neMweya Mutsvene, kuti rudo rwake rugoparadzirwa mumwoyo mangu uye kuti ndifambe murudo rwake zuva nezuva.

Kubva mubhuku "God's Best Secrets", by Andrew Murray.

Mharidzo Yokuuya Kwake rinotsikiswa kamwe pamwedzi miviriuye riopihwa pachena kuna an naani anenge arikumbira neve Gospel Revivals Inc., P.O. Box 279, Seelyville, IN 47878.
Mupepeti: Godfrey Ndiriwenyu.
Kero yo muZimbabwe: 1257 Emganwini, P.O. Nkulumane, Bulawayo. E-meiri: mharidzo4Him@yahoo.com Runhare 091 929 673.
Nhengo dzeAdivisory Committee: Fortune Mate, Inock Siziba, Mishek Joseph, Promise naStella Nyathi, Maxwell Matewe, na Wisdom Tshuma

TINASHE AKATENDEKA

(Kubva Papeji 2)

[Mapisarema 37:3,5]. Ukamira, wakasimba, kuzvzvipikirwa zvaJehovha, naiye Jehovha wezvipikirwa achamirawo newe. *"Anomwoyo wakasimba muchamuchengeta murugare rwenyu rukuru, nokuti anovimba nemi"* [Isaya 26:3].

Inzwa mutendi hama uye rangarira chinhu ichi. Ishe wako anokuda zvisina mukare akamboona. Jehovha wako ndiye anokuchengetedza zvisina ani naani angazviita. Uri chisikwa chake chakakosha kwaari. *"Tarira", anodaro muprofita Isaya, "ndakakunyora pazvanza zvangu; masvingo ako ari pamberi pangu nguva dzose"* [49:16]. Iwe neni tiri zvisikwa zvakakosha zvaMwari, *"nokuti anokugunzvai, anogunzwa mboni yeziso rake"* [Zekaria 2:8]. *"Vimbai naJehovha nokusingaperi, iye Jehovha ndiye dombo nokusingaperi"* [Isaya 26:4]. Avo vane mwoyo yakaputsika, avo vane upenyu hwakarurama, uye mweya yakapwanyika Jehovha achavarwira uye agovachengetedza chose. Kana dai nhamo namatambudziko zvikauya sei, *"ruvudzi rumwe rwomusoro wenyu harungatongorasiki"* [Ruka 21:17]. Chivimbiso chake Jehovha kwauri neni ndechekuti, kana tikamirira paari, tichaona simba rake idzva. *"Vanomirira Jehovha vachawana simba idzva; vachabhururuka namapapiro samkondo, vachamhanya vasinganeti, vachafamba vasingaziyi"* [Isaya 40:31]. Dakariro huru, nechishuwo chikuru, chaMwari ndechekuti iwe, semwana wavo, urambe uchifamba navo mukushata kana mukunaka. Kana ukafamba mukuda kwaMwari, zuva nezuva, zvokwadi uchava norugare rwaMwari runopfuura kunzwisisa kwose. Hapana chishuwo chaasingakwanisi uye chaangatadza kuzadzikisa. Hapana marwadzo kana mbonje yaasingarapi. "Mwari vedu vanogona" sokutaura kwavaimbi. Vane rudo rwose nesimba rose uye vanomirira kwaari, haatongovanyadzisi. Achavagutsa. Munamato wangu mukuru unewe nhasi. *"Kuti dai Mwari waShe wedu Jesu Kristu, Baba vokubwinya kukuru, akupei mweya wokuchenjera nowokuzararirwa pakumiziva; muvhenekerwe meso omwoyo wenyu, kuti muzive kuti kudana kwake kune tariro yei, nepfuma yokubwinya kwenhako kwatiri isu tinotenda uye nokubata kwesimba rake guru"* [VaEfeso 1:17-19]. Jehovha wedu akatendeka uye ndiye woga akarurama. Ndiye anotipa kukunda uye maari tirivakundi nokupfuurisa. Ramba uchitenda uye uchivimba naye. *"Zvino Mwari ngaavongwe, uyo anotipa kukunda naShe wedu, Jesu Kristu. Saka hama dzangu dzinodikanwa, mirai makasimba, murege kuzununguswa, mushandire Ishe zvikuru nguva dzose, muchiziva kuti kubata basa kwenyu hakungavi pasina munaShe"* [Vakorinde 15:58]. Jehovha akakudanai akatendeka uye ndinoziva chinhu ichi, *"Kuti iye akatanga basa rakanaka mukati menyu, acharipedzisa kusvikira pazuva rakristu Jesu"* [VaFiripi 1:6]. Hama mudikani ramba wakatarira kuna Jesu, muvambi nomukwanisi wokutenda kwedu. *"Naizvozvo, hama tsvene, vagoverani neni pakudanwa kunobva kudenga, fungai zvakanaka Mupostori noMupristi mukuru wokupupura kwedu iye Jesu, akanga akatendeka kuna iye akamugadza"* [VaHebheru 3:1].

MUPRISTA ANONYENGETERA

naDave Butts

Kana tichifunga kana kutaura nezvemuprista, nguva zhinji tinonyanyo funga nezveuyo ane ukama hwakadzama naMwari uye anokwanisa kuswederera paari akamiririra vanhu. [Uya unenguwo ndakachena dzinozvuzvuruka pasi mukufamba] Hauziri mufungo wakaipa zvawo iwoyo – zvikuru sei kana tiri kure neiya pfungwa yokuti uprista ndehwe vashoma vakadzidzira basa rouprista. Nokuti chokwadi chiri mumagwaro matsvene ndechokuti mutendi wose zvake ari munaKristu akaitwa muprista kubudikidza naJesu.

"Kuna iye anotida uye akatisunungura kubva kuzvivi zvedu neropa rake uye akatiita ushe nouprista kuti tishumire Mwari wake naBaba vake, ngaave nokubwinya nesimba nokusingaperi-peri" [Zvakazarurwa1:6]. Nokuda kweropa rapamuchinjikwa iwe neni takaitwa voushe navaprista. Ndookusaka mupositori Petro vachiti: *"Nemiwo samabwe mapenyu, muri kuvakwa muimba yomweya kuti muve uprista hutsvene muchipa zvibayiro zvomweya zvinogamuchirwa kuna Mwari kubudikidza naJesu Kristu. Ameni"* [1 Petro 2:5]. Pavhesi ra9 muchitsauko chimwe chetecho anoenderera mberi achiti: *"Asi imi muri vanhu vakasanangurwa, uprista hwamambo, rudzi rutsvene, vanhu vaMwari chaivo, vaakadona kuti muparidze kunaka kwaiye akakudanai kuti mubre murima, muuye muchiedza chake chinoshamisa."*

Kana tichida kufamba mumikana uye mukubata mabasa ose ouprista muumambo hwaMwari, tinofanira kunzwisisa kuti zvinorevei kuva muprista.hijanai chatinacho samaprista? Zvakakoshesa kunzwisisa zvose izvi, zvikuru sei kana takatarira kuti Jesu ivo pachavo inhengo yeuhwu huprista zvevari ivo muprista mukuru. Bhuku yavaHebheru inotarisisa zvizere [kana kuti zvakadzama' nezvouprista hwaJesu naizvozvo rinotibatsira kuti tione chinzvimbo chedu chouprista muimba yaMwari tebhanekeri tsvene.

Somuprista, Jesu vaiva nebasa guru remunyengetero, iro ratingaita zvakanaka kana tikaritevedzera. *"Asi Jesu nokuti anogara nokusingaperi, ano uprista huchavapo nokusingaperi. Naizvozvo anogona kuponesa zvizere vaya vanouya kuna Mwari kubudikidza naye nokuti anorarama nokusingaperi achivanyengeterera"* [VaHebheru 7:24,25]. *"Kristu Jesu, ndiye akafa, pamusoro pezvo ndiye akamutswa akava mupenyu, ari kurudyi rwaMwari, uye anotinyengetererawo"* [VaRoma 8:34]. Basa noushumiri hwaJesu iko zvino munyengeterero. Somuprista, basa rake nderoumiriri pamunyengeterero. Ndoazvaari kuita iko zvino. Nhau inotifadza isu ndeyokuti ari kuti nyengeterera.

Zvakakoshazve kuti tinzwisisewo kuti sevaprista vaMwari,

(Inoenderera Mberi Papeji 4)

(Kubva Papeji 3)

vaKristu vose vari kudanirwa kukumirira paminyengeterero. Namupositori Pauro vanotidanirawo kuumiriri pamunyengeterero kuna Timoti wokutanga 2 pavhesi yokutanga: *"Naizvozvo pakutanga kwazvose, ndinokurayirai kuti vanhu vose vakumbirirwe, vanyengetererwe, varevererwe, vavongerwe...."* KuvaEfeso 6:18 anotiudzawo kuti *"murambe muchenyengeterera vatsvene."* Tinofanira kushanda pamwe naJesu mubasa rake iko zvino rukureverera apo tinotora mukana uyu wokuva vaprista vaMwari.

Munyori kuvaHebheru anotipa kurudziro huru muurevereri hwedu naaya manzwi: *"naizvozvo, hama zvitinotsunga kuti tipinde panzvimbo tsvene neropa raJesu, nenzira itsva uye ino upenyu yatakazarurirwa kubudikidza nechidzitiro chinova muviri wake, uye sezvo tino muprista mukuru pamusoro peimba yaMwari, ngotiswedere kunaMwari nomwoyo wechokwadi wechokwadi nokutendeka kwakasimba kwazvo, nemwoyo yakasaswa kuti tinatswe kubva pahana yakaipa uye miviri yedu yakashambwa nemvura yakachena"* [vaHebheru 10:19-22]. Chinyorwa ichi chinotiratidza kuti muprista ane chinzvimbo chake choanonyengetera ari. Ndiyo Nzvimbo tsvene-tsvene. Uri matabhanekeri uye temperi yechiJudha, Nzvimbo tsvene-tsvene yaive nzvimbo yaityisa nokuremekedzwa zvikuru pasi rose muchitendero chavaJudha. Yaive nzvimbo yaipindwa chete nemuprista mukuru wechi Judha kamwe pagore kunonyengeterera nokupirira vanhu voes. Yaive nzvimbo yaive nehuvepo hwaMwari. Muprista wose aipinda ane chinangwa chimwe chete-kunotaura naMwari. Chimbofunga somuJudha wemunguva yakare apo gore negore waitarira Muprista Mukuru aehipinda Munzvimbo tsvene-tsvene kuno sangana naMwari uye uchinyatsoziva kuti hauzomboviwo nomukana wakanaka kudaro. Aingova Muprista Mukuru chete uye zvakadarozve, kamwe pagore.

Zvisinei nokuda kweropa raJesu Kristu pamuchinjikwa, tavawo vaprista vanowana mukana uyu unoshamisa wokupinda Munzvimbo tsvene-tsvene yaMwari. Mweya ari matiri anodana kuna Mwari achiti "Abha, Baba." Patinonyengeterera, tinouya muhuvepo hwaShe tichipa zvikumbiro zvedu zvose. Vakristu vazhinji havazivi nezvebasa iri rinotyisa uye nezveruremekedzo runoshamisa rwatakapihwa kubudikidza nebvumiro iyi kupinda muhuvepo hwaMwari.

Tinoona pana vaHebheru chitsauko chegumi kuti muprista aive nemifungo yakati twasu maringe nebasa romunyengeterero. Tinofanira kuva noruzivo nemwoyo wechokwadi patino nyengeterera. Kwete nokuda kwokuti tiriwo chimwe chinhu chakakosha, asi nokuda kwokuti Jesu Ishe vedu ndivo vakakosha. Uye kuti kubudikidza naye kuti tipinde muhuvepo hwaMwari. Anotikokera kuti tiyanike zvichemo nemureverero yedu. VaHebheru inotiudzazve kuti tiswedere nomwoyo wechokwadi nokutendeka kwakasimba kwazvo panaMwari. Jakobho agotiudzawo kuti kana tikaswedera kuna Mwari mumweya nomuchokwadi iye achaswederawo kwatiri. Chokwadi ichi chinofanira kutekenyedza kutenda nokushinga kwedu uye kukura paminyengetero. Mwari ngaakudzwe!

Tinoziva kuti Mwari vakateerera uye vakagadzirira kupindura minamato inopihwa zvichienderana nokuda kwavo. Paizvi mupositori Johani vanoti ivo: *"Ndiko kusatya kwatinako mukuswedera kwedu kuna Mwari: kuti kana tichikumbira chinhu chipi nechipi nokuda kwake, anotinzwa. Uye kana tichiziva kuti anotinzwa pazvose zvatinokumbira, tinoziva kuti tava nazvo zvatakumbira kwaari"* [1 Johani 5:14-15].

Mupristawo anofanira kuva muenzaniso wokutevera. Jesu, Muprista Mukuru uye ari Murevereriwo mukuru ndiye muenzaniso wedu mukuru. Tinokurudzirwa isu kuti tivere tsoka dzake. *"Naizvozva, hama dzangu tsvene, vagovani neni pakudanwa kunobva kudenga, isai pfungwa dzenyu pana Jesu, Mupostori nomuprista mukuru..."* [VaHebheru 3:1]. Vadzidzi vakayemura zvikuru simba reminamato yake izvo zvakaita kuti vakumbire dzidziso pakunyengeterera. Mhinduro haina kuva yokuti vape mharidzo pamusoro pemunyengetero, kana kuti vangaporesa vanhu sei, asi akavapa muenzaniso wekunyengetera. Nedzimwe pfungwa Jesu akati: *"Henunoi mutaro. Ivai nechokwadi chokuti munonyengeterera pazvinhu zvose zvinechokuita noumambo."*

Muprista waMwari! Ishe pachavo vari kukudana kuti upe musiyano munyika ino nokumira pamberi pavo somurevereri wavamwe, uchiburitsira simba ravo muupenyu hwavo. Mienzaniso mikuru youprista mumagwaro tinohuwana mubhuku yaNumeri [Numbers]. Vana Israeri vaigarogunun'una pamusoro poutungamiri hwa Mosisi namukoma wake Aaroni. Mwari [mukutsamwa] vakatumira dambudziko guru redenda iro rakatanga kuvauuraya. Uchirangarira kuti zvinomuhwira zvinomirira minamato, bvumira manzwi anotervera kuti akutekenyedze mumwoyo mako noutapiri hwawo.

"Zvino Mozisi akati kuna Aaroni" Torai hadyana yako ugoisa zvinonhuwira mairi pamwe chete nomoto unobva paaritari, uchimbidze kuenda kuungano undovayananisira. Hasha dzabuda dzichibva kuna Jehovha, denda ratotanga. *"Saka Aaroni akaita saizvozvo, sezvakarehwa naMozisi, akamhanyira pakati peungano. Denda rakanga ratotanga pakati pavanhu asi Aaroni akapisira zvinonhuwira akavayananisira. Akamira pakati pevapenyu navakafa, denda rikamirawo"* [Numeri 16:46-48]. Tariraiwo kunaka kwomuenzaniso wakadai!

[Iwe neni] Savaprista vaMwari tinofanira kumira pakati pavapenyu navakafa [pamweya]. Tinoshandura zvinhu kana tichiunza zvido zvavanhu panaMwari mutsvene kubudikidza nokuvareverera. Yasvika zvino nguva yokuti Kereke ya Mwari ichitora zvakadzama [basa rayo] uye nedanidziro yaMwari yokuva maprista anonyegeterera.

Dave Butts murume waKim, uyo anezvinyorwa zvinobuda pamwedzi pamwedzi mubepanhau re "Herald of His Coming." Vari vaviri vakatanga sangano rinonzi "Harvest Prayer Ministries" muna Mbudzi wa1992 vaine chinangwa chokubatsira makereke ave dzimba dzomunamato. Vairizve pautungamiri hwe Gospel Revival Inc., iro rinodhinda nokuburitsa pepa re"Herald of His Coming," Vanogara kuTerre Haute kuIndiana, munyika yeAmerica. Vane vanakomana vaviri, mumwe wavo akatoroora ane mwanasikana. Ivo vanoti vhesi yavanofarira semhuri ndiMapisarema 27:4.

MWARI VAKANAKA

naRich Carmicheal

"Vongai Jehovha Wamasimba Ose nokuti Jehovha akanaka rudo rwake runogara nokusingaperi" [Jeremai 33:11].

Paunoverenga bhuku yamuprofita Jeremia, uchawana kuti pane chikonzero chikuru, chakanaka, uye kuti nei Jeremia achizivikanwa se "muprofita wekuungudza." Nokuda kwokutongwa kwakange kwambowira zvishoma pavanhu vaMwari uye nokutongwazve kukuru kwokupambwa neBhabhironi kwaive kuchitoswedera, Jeremia akazadzwa nokusuwo kukuru. [Munzwe muprofita achiungudza] *"Haiwa mwoyo wangu woziya mukati mangu—sezvo vanhu vangu vapwanyiwa, neniwo ndapwanyiwa; ndiri kuchema, uye ndiri kutya zvikuru. Ko muGireadhi hamuna muti webharisamu here? Hakuna here murapi ikoko? Haiwa, dai musoro wangu waiva chitubu chemvura, uye meso angu riri tsime remisodzi! Ndingadai ndaichema masikati nousiku nokuda kwavakaurayiwa vavanhu vangu"* [Jeremia 8:18-9:1].

Zvisinei hazvo, vari mukati-kati maikoku kusuwa kukuru, muprofita Jeremia anoti iye kuvana vaIsiraeri. *"Vongai Jehovha Wamasimba Ose, nokuti Jehovha akanaka uye rudo rwake runogara nokusingaperi"* [33:11]. Hapana kana upi zvake munhu aitarisira danidziro kukuvonga kunaka kwa Jehovha kana dai kuru kunzi waive wakatarira mararamiro avo ainyangadza ayo avaiveri mumazuva aJeremia uye kutsamwa nokutonga kwaJehovha kwaiva pamusoro pavo. Ukama hwavo naye hwairatidza sohwaperevedza, nokuguma zvachose uye pavaiveri ino nguva painge pasisina tariro. *"Zvanzi naJehovha, ronda rako harirapiki kukuvadzwa kwako hakupori. Hapana anokureverera mhaka yako, vanga roko harina mushonga, hapana kuporeswa kwako—Ndakakurova sezvinoitwa nomuvengi ndikakuranga sezvinoitwa nouno utsinye nokuti zvivi zvako zvakawanda"* [30:12-14]. Pasina mubvunzo, uye zviripachenawo, mhosva yavo yaive huru, uye zvitadzo zvavo zvaive zvakawandisa nokutyisa. Vaive vatendeukira nokusiya Jehovha Mwari wavo uye vakatanga kuita zvakaipa zvose zvavaikwanisa [3:5; 5:28] uye vatokanganwa kuita izvo zvakanaka zvinofadza Jehovha [4:22]. Vaiva varasa dzose nyadzi uye vakanganwa kuzvidzora [6:15]. Zvokwadi yakange isisipo [7:28], uye kunyengera kwaive kwatekeshera pakati pavo [9:4-6]. Vanhu vanga vave mapenzi vasisina mifungo yakakwana nokunzwisisa [4:22] uye vatove kumukira Jehovha uye hana dzavo dzisisina kutendeuka [8:6]. Vaiva neumbavha, kuuraya, upombwe, kupika nhema uye vachipisira zvinonuhwira kuna Bhaari [7:9] uye vachikarira pfuma [6:13]. Haiwa ungati muporofita ari kutaura nezveino nyika kana nguva yatiri kurarama nhasi. Vaidzvinyirira vatorwa, nherera uye shirikadzi nevarombo uye vachizodza nyika yose neropa risina mhaka [2:34; 5:28; 7:5-6; 19:4]. Vaivakira nzvimbo dzakakwirira kuti vapisire vanakomana nevanasikana vavo [7:31]. Jehovha vanotsanangura Jerusarema seguta *"rizere nokumanikidzwa. Setsime rinoeredza mvura yaro, sizvozvo Jerusarema rinodurura zvakaipa zvaro. Chisimba nokuparadza zvinonzwikwa mariri"* [6:6-7]. Tsika dzavo dzinotyisa, kunyangadza nokurutsisa [8:12; 13:27; 18:13]. vachibva pane chimwe chivi vachienda pane chimwe chivi. Kanapo zvivi zvavo zvaive zakwatira saizvozvo, dambudziko guru raive pasi raiva rokuti vaive vatendeukira kuzvimwari zvamarudzi vachisiya Mwari wavo. Zvakare, kanapo Mwari vaive vazviratidza somurume akavimbika kwavari, ivo vaive vasina kuvimbika, vachiita choupombwe nokuzvisvibisa pamweya vachirarama "sechifeve navadiwa vazhinji – uye "sezvinoita mukadzi asina kutendeka kumurume wake, saizvozvowo makanga musina kuvimbika kwandiri imi imba yaIsraeri" anodaro Jehovaha [3:1; 3:20].

Vaive vafuratira Mwari wavo [2:27] uye varamba Shoko rake nenzira dzake. Vaporofita navapirista vaiita sokunge zvinhu zvose zvakanaka uye zvisina kuita manyama amire nerongo parudzi rwaMwari: *"Vanosunga ronda ravanhu vangu sokunge vasina kukuvara zvikuru. Vanoti, "Rugare rugare ipo pasina rugare"* [6:14]. Asi Jehovha, avo vanotsvagisisa nokuziva zviito nemwoyo womunhu, vaiziva udzamu hwezvitadzo zvavo.

Kuramba kwavo nzira dzake, zvichitutsidzirwa nokunamata zvimwe zvimwari nokufarira kwavo zvakaipa zvakadenha nokutokonya hasha nokutsamwa kwaMwari [32:30-32]. Semhinduro, anovayambira nezvekuuya kwokutongwa: *"Ndiri kuuyisa rudzi runobva kure kuzokurwisai, rudzi rwakare kare uye rudzi rwakashinga...Magaoba avo akafanana neguva rakashama, vose zvavo varwi vane simba. Vachadya zvamakakohwa nezvekudya zvenyu, vachauraya vanakomana navanasikana venyu, vachadya makwai enyu nemombe dzenyu, vachadyo mazambiringa namaonde enyu. Vachaparadza nomunondo, maguta enyu akakomberedzwa iwo amunovimba navo"* [5:15-17].

Zvechokwadiwo kutongwa kwakauya, apo hondo huru yeBhabhironi yakauya kuzorwisa nokuparadza Jerusarema, ichitora vanhu vaMwari kuenda navo muuranda [39:1-9].

Ko Nemhaka yeiko pakati pezvivi nokutongwa kwose uku Jeremia aidanidzira achiti: *"Vongai Jehovha Wamasimba ose, nokuti Jehovha akanaka; rudo rwake runogara nokusingaperi?"* [33:11].

Mhinduro tinoiwana muchimiro uye neizvozvaari iye Mwari. Kanapo Jeremia achitipa tsanangudzo dzakawanda dzokusavimbika kwevanhu vaMwari, anotipawo yeuchidzo dzakawanda nezvekunaka kwaMwari. Zvisinei nokutadza kwavanhu vake, zvisinei nokusviba kwenguva yavaiveri, Ishe vakanaka uye rudo nenyasha dzavo zvinogarawo nokusingaperi. Imbofunga neni chokwadi chinofadza pamusoro pokunaka norudo rwa Jehovha zvakasonedzerwa muiyi bhuku yaJeremia.

(Inoenderera Mberi Papeji 6)

(Kubva Papeji 5)

1. ***Mwari havadi kutumira kutongwa, kwete, vanotozokutumira sechidanho chokugumirsira; uye kuti atidzikinure.*** Kanapo Ishe vari Mutongi Akanaka, vane kodzero yokutonga vanhu vake pamusoro pezvivi zvavo zvose, havadakariri kungotonga nokuranga. Munguva yaJeremia, Mwari vakatumira kutongwa nokuda kwokuti zvivi zvasiya pasisina mumwe mukana: *"Tsika dzako namabasa ako ndizvo zvauyisa izvi pamusoro pako; zvakaipa zvako zvichakuranga; kudzokera shure kwako kuchakutuka. Rangarira uye uyeuke zvino kuti zvakaipa sei uye zvinovava sei kwauri ukange wasiya Jehovha Mwari wako, uye usinganditiyi"* [2:19]. Pavakafungisisa nezveudzamu hwezvivi zvavo, Ishe vakasara vasina imwe sarudzo: *"Ko, handifaniri kuvaranga pane zvizvi here"* [5:29].

Mwoyo murefu waMwari unoratidzwa nenzira yavanoyambira vanhu vavo nguva nenguva, vasati vatumiro kutongwa, achitarisira kuti vachatendeuka vonzvenga kutongwa. *"Kubvira panguva yavakabuda muljipiti, madziteteguru enyu kusvikira iko zvino, zuva nezuva, ndakatuma varanda vangu vaprofita ndavatumazve"* [7:25]. Mwari vakasimudza Jeremia kuti ashande semumwe waava vaprofita, kuyambira vanhu vaMwari uye kuvadanidzira kukutenduka. Jehovha vakatuma Jeremia kuti audze vanhu vose, *"zvose zvandakurayira, usadarika kan shoko rimwe chete, zvimwe vachanzwa mumwe nomumwe akadzoka panzira dzake dzakaipa. Ipapo ndichazvidemba ndigarega kuisa pamusoro pavo njodzi yandanga dnichifunga kuvaitira nokuda kwezvakaipa zvavakaita"* [26:2-3]. Ishe vakapa vanhu vavo makore akawanda okutendeuka pasi poushumiri hwaJeremia. *"Wamakore makumi maviri namatatu shoko raJehovha ranga richiuya kwandiri uye ini ndakataura Ndataurazve kwamuri, asi hamuna kuteerera"* [25:3]. Mwari zvakavakuhuna kuti, *"kunyange ndakavadzidzisa ndavadzidzisazve havana kuteerera kana kutsiurika"* [32:33]. Anoita zvose zvaanogona kuti tisawire mukutongwa. Zvingori chete kuti kana vanhu vake vakaramba kuteerera yambiro dzake uye danidziro kukutendeuka kuti kutongwa kunozouya.

Asi zvakangodarozve, Mwari havadakariri kuparadza vanhu vavo, vanoedzazve mukutonga ikoko kudzoredzera vanhu vavo kuupenyu pamweya: *"Haiwa, zuva iro richatyisa sei! hakuna richafanana naro. Ichava nguva yokutambudzika yaJakobho, asi iye achaponeswa pairi. 'Pairi zuva' ndizvozvinotaura Jehovha Wamasimba Ose, 'ndichavhuna joko pamitsipa yavo uye ndichada mbura zvisungo zvavo; havachazoitwizve varanda navatorwa. Asi, vachashumira Jehovha Mwari wavo naDhavhidhi mambo wavo, iye wandichavamutsira. Saka usatya iwe Jakobho muranda wangu; asavhunduka, iwe Israeri ndizvo zvinotaura Jehovha. Ndichakuponesa uri kure zvirokwazvo, nezvizvarwa zvako kubva munyika yokutapwa kwavo. Jakobho achavazve norugare nokugara zvakanaka, uye hakuna achazomutyisa...'"* [30:7-11].

2. **Mwari vanodakarira kuregerera.** Kanapo vanhu vake vachiramba nokumumukira, Ishe vanodakarira kuregerera. *"Dzokai imi Israeri vokusatenda ndizvo zvinotaura Jehovha, 'Handichazorambi ndakafinyamisa chiso changu kwamuri, nokuti ndizere nengoni," ndizvo zvinotaura Jehovha, "handingarambi ndakatsamwa nokusingaperi'"* [3:12]. Asati avaendesa muutapwa, Mwari vanga vachitarisira kuzuvo iro vaizo vatamba nudzira ruoko rwavo rworuregerero: *"...ndicharapa vanhu vangu uye ndichaita vave norugare rwakawanda nokuchengetedzeka. Ndichabvisazve Judha neIsraeri norugare kubva muutapwa ndivavakezve sepakutanga. Ndichavanatsa pachivi chose chavakanditadzira, ndigovakanganwira zvivi zvavo zvose zvokundimukira"* [33:6-8].

Mufananidzo wedakariro yaJehovha kukanganwira vanhu vake, uye kuvanzvengesa kukutongwa, kunoonekwa nemanzwi aya kunaJeremia: *"Kwirai nokudzika nemigwagwa yeJerusarema, tarirai pose pose mugofunga, tsvakai muzvivara zvaro muone, kana mukawana kana munhu mumwe anoita zvakanaka uye anotsvaka zvokwadi, ipapo ndicharegerera guta iri"* [5:1]. Kanapo chinangwa chikuru chaMwari chaiva chokunongedzera kuhuori hwomunhu wose, asiwo vanozarurira kudisisa kwavo kukanganwira nekuregerera guta ravo. Sepana Abrahama, paai nyengeterera Sodhoma, akava nesimba rokukumbirira kuregererwa kwedhorobha kana maiva nevanhu gumi vakanaka Panyaya yaJeremia, Mwari vaidakarira kuregerera nokupunyutsa guta ndokunge mawanikwa munhu mumwe chete akanaka.

Zvakarewo, muchapwititi chokutadza kukuru ikoku, Jehovah vaitarisirawo zuva ravaizonotumira Mwanakomana wavo kuzoponesa vanhu vavo kubva muzvivi zvavo: *"Mazuva achauya, ndizvo zvinotaura Jehovha, pandichamutsira Dhavhidhi Davi rakururamo, Mambo achatonga nouchenjeri nokururamisa uye nokuita zvakarurama muayika. Pamazuva ake Judha achaponeswa uye Israeli achagara norugare. Zita raachatumidzwa ndirori: Jehovha Ndiye Kururama Kwedu"* [23:5-6]. Panguva yaJeremia ipapo, Mwari vakatenge votofunga nezvechibvumirano chitsva zhaizovapo kubudikidza neropa rakristu: "Nguva inouya," ndizvo zvinotaura Jehovah, "yandichaita sungano Itsva neimba yalsraeri uye neimba yaJudha...Iyi ndiyo sungano yandichaita neimba yaIsraeri shure kwamazuva iwayo" ndizvo zvinotaura Jehovha. Ndichaisa mirayiro wangu mundangariro dzavo, ndigounyora mumwoyo yavo. Ndichava Mwari wavo, uye ivowo vachava vanhu vangu – nokuti vose vachamuziva kubva kumuduku wavo kusvikira kumukuru" ndizvo zvinotaura Jehovha. *"Nokuti ndichavakanganwira kuipa kwavo, uye handingarangaririzve zvivi zvavo"* [31:33-34].

3. **Mwari vanopa tariro nechivimbiso choupenyu hunofadza.** Pane imwe nhanho, Jeremia anotumira tsamba kuvapoteri [nhapwa] moiva neaya mashoko: *"Panopera makore makumi manonwe, ndichauyazsve kwamuri ndigozadzisa zvakanaka zvandakavimbisa kuti ndichakudzosera kunzvimbo ino. Nokuti ndinoziva urongwa hwandinahwo*

(Inoenderera Mberi Papeji 7)

(Kubva Papeji 6)

pamusoro penyu...urongwa hwokuti mubudirire, kwete kukuitirai zvakaipa, urongwa hunokupai tariro nermangwana. Ipapo muchandidana kwandiri uye muchauya kuzonyengetera kwandiri uye neni ndichakunzwai" [29:10-12]. Hama, tarirsawo Mwari wezvishamiso watinaye! Kana dai tikazviona tiri pakati-kati pokutongwa neunhapwa nokuda kwezvivi, Ishe vane urongwa hwokuti tibudirire, kutipa tariro neramangwana uye kutidzoredzerazve paukama hwedu navo. Svisvinira muhana mako ayazve manzwi anotevera, anoratidza izvo zvakanaka zviri mupfungwa dzaMwari maererano neramangwana redu, zvisineir nekuoma kwazvino. *"Ndichasimbisa vanenge vaneta nokugutsa vanenge vaziya"* [31:25]. *"Asi mushure mokuvadzura ndichavanzwirazve tsitsi uye ndichadzosa mumwe nomumwe wavo kunhaka yake..."* [24:6-7]. *"Ndichashandura kuchema kwa vo kuti kuve mufaro, ndichavanyaradza nokuvapa mufaro pachinzvimbo chokusuwa"* [31:13]. *"Ndichavafambisa nepahova dzemvuro, napanzira yakati chechetere yavasingagumburwi"* [31:9]. Nokuda kwaizvo zvose zviri mupfungwa dza Mwari kwatiri, anotipa aya manzawi *"Ramangwana rako rine tariro."* Mwari ngaarumbidzwe, Alleluya! Mufananidzo mukuru watinopihwa naJehovaha pamusoro petariro yekudzoredzerwa kwevanhu vake, murayiro wake kunaJeremiah wokuti atenge munda vanhu vasati vapinda muutapwa. Yakanga isiri nguva yakanaka yokutenga midziyo, asi Mwari vakashandisa uyu mukana kuratidza chokwadi chokuti nerimwe zuva unhapwa huchachepera, vanhu vagodzokazve, uye "minda yose yemizambiringa zvichatengwazve munyika ino." Muna Jehovha, chokwaditine tariro neramangwana rakanaka!

4. **Mwari vanokwanisa kuitira zvakana vanhu vavo, zvinhu zvinoratidzika sezvisingagoneki.** Pane chimwe chinhanho Mwari vanotsanangura kushayatariro nokuomarara kwenguva yaive nevanhu vavo: *"Ronda rako harirapiki, kukuvadzwa kwako hakupori"* [30:12]. Asi vanoenderera mberi vachiti, *"Asi iwe ndichakudzorera pautano uye ndichaporesa maronda ako"* [30:17]. Zvisingagoneki kubva mumatarisiro evanhu, zvinogoneka panaMwari. Jeremiah anokosora nokuputika neiyi rumbidzo kusimba raMwari: *"Haiwa, Ishe Jehovha, ndimi makaita matenga nenyika nesimba renyu guru noruoko rwenyu rwakatambnudzwa. Hakuna chinhu chakaoma kwamuri. Haiwa imi Mwari mukuru ane simba guru, mune zita rinonzi Jehovha Wamasimba Ose, zvinangwa zvenyu zvikuru uye mabasa enyu makuru"* [32:17-19]. Iye *"akaita nyika nesimba rake, akateya nyika nouchenjeri hwake, uye akakutambanudza matenga nokunzwisisa kwake. Paanotinhira, mvura zhinji iri mumatenga inoita mubvumo, anoita kuti makore asimuke kubva kumigumo yenyika. Anotuma mheni pamwe nemvura uye anouyisa mhepo kubva mumatura ake"* [10:12-13]. Sokutaura kwaMwari pachavo, *"Ndini Jehovha Mwari wavanhu vose. Iko pane chinhu chingandiomera here?"* [32:27].

5. **Rudo rwaMwari runokatyamadza, rukuru uye runogara nokusingaperi. Vakavimbika nokusingaperi kuvanhu vavo.** Ivo Ishe vanogoverana manzwi akaisvonakisa aya nevanhu vavo, *"Ndakakudai norudo rusingaperi, ndakakukwevai nokunaka kworudo rwangu"* [31:3]. Vanonongedzera kukusatsukuduka kwezuvo, mwedzi nenyenyedzi semuenzaniso wemwoyo wavo kuvanhu vavo: *"Iye anogadza zuva kuti rivhenekere masikati, anoisa chirevo kumwedzi nenyenyedzi, kuti zvivhenekere usiku, iye anomutsa gungwa kuti aro atinhire, Jehovha Wamasimba Ose, ndiro zita rake. 'Kana chete mitemo ikabva pamberi pangu' ndizvo zvinotaura Jehovha, 'ndiko kuti zvizvarwa zvigume kuva rudze pamberi pangu'"* [31:35-36]. Vanonongedzerawo kuukuru hwepasi rose semuenzaniso hweukuru hwerudo rwavo kuvanhu varo: *"Kana chete matenga ari kumusoro akogona kuyerwa, uye mhepo dzenyika dziri pasi dzikagona kunzverwa, ipapo ndipo pandingarambe zvizvarwa zvaIsraeri, nokuda kwazvose zvavakaita"* [31:37].

6. **Mwari vakanaka.** Zvisinei nokuti vanhu vakaipa sei, chokwadi ndechokuti Mwari vakanaka nokusingoperi. Mukati-kati mehasha neushungu hwavo, kumagumo kwazvo Mwari vanoti shuwira zvakanaka uye kugoverana nesu unaku hwemoyo wavo. Chimbofungisisa nezvezvi vimbiso izvi, izvo zvinoratidza shuviro yaMwari kuti naisira unaku hwavo: *"Zvirokwazvo ndichavounganidza kubva kunyika dzose dzandakanga ndavadzingira pakutsamwa kwangu kukuru nehasha dzangu huru; ndichavadzosazve kunzvimbo ino ndigovagarisa zvakanaka. Vachava vanhu vangu, ini ndichava Mwari wavo. Ndichavapa mwoyo mumwe nemaitiro mamwe, kuitira kuti vagare vachinditya zvigovanakira ivo navana vavo vanovatevera. Ndichaita sungano isingaperi navo, handingatongomiri pakuvaitira zvakanaka, uye ndichavakurudzira kuti vanditye, kuitira kuti varege kuzotsauka kuba kwandiri. Ndichafarira kuvaitira zvakanaka uye zvirokwazvo ndichavasimo munyika ino, nomwoyo wangu wose uye nomweya wangu wose"* [32:37-41]. Mwari vanofarira kugoverana nesu kunaka kwavo: *"ndini Jehovha anoita uyoro, nokukururamisira, nokururama panyika, nokuti ndinofarira izvozvi"* [9:24].

Mwari vedu ndiMwari mutsvene, Shoko ravo nderechokwadi uye nzira dzavo dzose dzakanaka. Vanodokwairira kukanganwira, kupa tariro neramangwana, kuratidza simba ravo guru muupenyu hwedu, kutizarurira rudo rwavo rwakadzama uye kuratidza kunaka kwavo kwatiri. Chikonzero nei? Imhaka yokuti isu takafanira here? Kwete! Asi nemhaka yokuti ndoozvavari. Ishe vedu *"itsimo remvura mhenyu"* [2:13]. Ndiyo mhaka nei zvisingashamisi kunzwa muprofita Jeremia vachiti: *"Vongai Jehovha Wamasimba Ose, nokuti Johovha akanaka uye rudorwake runogara nokusingaperi."*

Ngati tendeusirei mwoyo yedu kwavari. "Ishe, tinotendeusira hano dzedu kwamuri. Titumirei rumutsurudzo urwotinotsvago nameso matsvuku."

MHURI NEMISHA YEDU KUNA MWARI...

Kuvandudza Mhuri YechiKristu

(Gadziriro Yokuuya KwaKristu – Chikamu Chechipiri)

naKim Butts

Muchinyorwa chedu chapfuura takatanga nokudzidzra nzira dzatinga gadzirira nadzo mhuri mhuri dzedu kukuuya kwaJesu Kristu. Shoko Dzvene rine zvizhinji pamusoro pemararamiro atinofira kuita mumazuvano akaipa kudai okuguma. Chokutangisisa kuchengetedza mitemo miviri yataka-piwa naJesu kunaMateo 22:37-39: Inzwa *"Jesu akapindura akati, 'Ida Ishe Mwari wako nomwoyo wako wose, nomweya wako wose nokufunga kwako kwose.' Uyu ndiwo murairo wokutanga uye mukuru. Wechipiri wakafanana nawoyu unoti, 'Ida muvakidzani wako sokuda kwaunzviita iwe.'"* Mukutevera mutemo wokutanga, tinenge tichizvi-shongedzera kutevera wechipiri. Hazvigoni uye haazviiti kuti utevere mumwe uku mumwe uchisiya. Shoko raMwari rinoramba. Pazvinotevera, ienderera mberi nenzira dzingararamiwa nadzo nedzimhuri paupenyu hwakavandudzwa patinodai kumirira kuuya kwake Jesu.

Vimbikai!

"Kunyange zvakadaro hazvo, kana Mwanakomana woMunhu achisvika achawana kutenda panyika here?" [Ruka 18:8b].

Jesu pavachadzokazve, vachawana here dzimhuri dzedu dzakazadziwa nokutenda kunoshingairira pamunyengeterera nokubatirira. Kuva Roma 12:12, Pauro anoti, "rambai muchinamata[kana kuti muchinyegeterera]." Zvakakosha kwazvo kuchengetedza yanano nokudydzana naMwari nguva dzose, zvichivava kana kutapira. Munyengetero chiratidzo chokutenda!

Muna Mateo 24 vadzidzi vaJesu vanobvunza nezvezviratidzo zvokuguma kwenguva. Chiratidzo chimwe chaanoyambira nezvacho, unyengeri. Vazhinji vachauya vachzviti ndivanaKristu uye vachanyengera vachinji. Kuchavawo nedzihondo, nzara nokudengenyeka kwenyika. Jesu vanowedzara vachiti, *"Nokuda kwokuwanda kwokusarurama, rudo rwavazhinji ruchatonhora. Asi uyo achatsungirira kusvikira kumagumo achaponeswa"* [Mateo 24:13,14]. Ishoko rinoita sokuvhundutsa pavhesi idzi dzataverenga nderinoti "vazhinji." Kutenda kwoga ndiko kuchachengetedza dzimhuri dzedu, meso edu akatarira chete panaIshe uyo ari manambo nukuguma kwokutenda kwedu. Kutenda chete ndiko kuchaita titangire pamabvi, tichisvagisisa uso neumambo hwaBaba muminyengetero uye tichitsvaga ungwaru neuchenjeri mumazuva atiri ayo akaipa kudai. Kutenda kuneruzivo rwetariro yokubvinya kunouya kuchaita kuti tibatirire kusvikira kumagumo.

Vimba Nemanzwi aJesu

Jesu vakatisiira nhaka yakaisvonaka yezvivimbiso zvavo. Pana Johani 14:1-4 vanoti ivo, *"Mwoyo yenyu ngairege kutambudzika. Tendai kuna Mwari;mutendewo kwandiri. Mumba maBaba vangu mune nzvimbo zhinji dzokugara; dai zvaiva zvisizvo ndingadai ndakuudzai. Ndiri kwenda ikoko kundo kugadzirirai nzvimbo. Uye kana ndikaenda kundokugadzirirai nzvimbo ndichadzoka ndozokutorai kuti muve neni, kuti nemiwo mugova kwandinenge ndiri. Imi munoziva nzira yokuenda nayo kunzvimbo yandiri kuenda."* Mubvunzo mukuru ndewekuti iwo sedzimhuri tiri kukwanisa here kuvimba naJesu uye kutenda kuizvi zvipikirwa. Zvakanaka sei kumbofunganya nezve nzvimbo yatiri kugadzirirwa naIshe Jesu. Ichava nzvimbo apo panaMwari, tiri muhuvepo hwawaMasimba Ose, Wokumusoro-soro, Ishe wamadzishe nokusingaperi peri. Inzvimbo ine zienda nakuenda rominamato uye ine unaku hunopfuura zvatinofunga.. Sevabereki kudzimhuri dzenyu ndapota garai muchitaura nezveunaku hwedenga semhuri. Denga ririko, rakanaka uye idzvene. Vabatsirei [vana] kuti vagoziva kuti denga ndiwo musha wavo! Wavachagara nokusingaoeri. Vanongedzerei kuzvipikirwa zvaMwari muShoko rake uye rambai muchivimba kuti Mwari vari uye vanochengetedza nokuita izvo zvavakavimbisa. *"Vimba naJehovha nomwoyo wako wose, urege kuzendamira panjere dzako"* [Zvirevo 3:5]. Nzira chete yatingakwanisa kurarama upenyu hwakadai, uye kuti upenyu hwedu hugova uchapupu hwakakwana hwaMwari, kurega kuvimba nesimba redu. Mwari vanoziva zvose, isu hatizivi. Vanaoona zvose isu hationi. Dzidzisai vana vagoziva kuti Mwari anovashuwira zvakanaka nguva dzose uye kuti tikavimba navo nokutenda kwezvindumurwa achachengetedza tsoka dzedu. *"Vimba naJehovha nokusingaperi, nokuti Jehova, iye Jehovha ndiye Dombo rokusingaperi"* [Isaya 26:4].

Usabvumire Mumwe Munhu Kutora Korona Yako

"Ndiri kukurumidza kuuya! Batisisa icho chaunacho, kuti kurege kuva nomunhu anokutorera korona yako. Uyo anokunda ndichamuita mbiru mutemberi yaMwari wangu. Haazombobudimo" [Zvakzarurwa 3:11]. Zvakakoshesa kuti uve nechokwadi chokuti mhuri yako inokwanisa kuzvidzivirira kubva kumano mano owakaipa. Dzimwe nguva zviri nyore kutsvedza kana kutsaukira munharaunda yakazara nokuidzwa nowakaipa. Tinofanira kurangarira uye tigodzidzisa vana vedu kuti zvimwe zvitadzo zvatinoona sepasina zvingango tipinza munataisireva kana tikasachenjerera. Korona yedu yakatengwa noripirwa naJesu Kristu. Zvakakosha kwazvo kuti timumirire zvakanaka mukurarama kwedu.

Musarege Kusangana Navamwe

VaHebheru 10:25 inoti iyo, *"Tisarege kuungana sezvinoita*

(Inoenderera Mberi Papeji 9)

(Kubva Papeji 8)

vamwe, asi tikurudzirane zvikuru sei sezvamunoona kuti Zuva roswedera." Sokutaura kunoita munyori kuMabasa Avapositori, vatendi vokutanga *"vakazvi pira pakudzidzisa kwavapostori napakuwadzana, pakumedura chingwa uye napakunyengetera"* [2:42]. Zvakakosha hama mukufamba kwomukristu, zvikuru sei munguva yatiri kurarama, kuti munhu arambe akabatana navamwe vatendi. Kana tikashaya anotikurudzira nokuti shumira tinopozhomoka. *"Ngatirangarire kuti tingakurudzirana sei kuti tive nerudo namabasa akanaka"* [Hebheru 10:24]. Kurukurai semhuri kuti mungakurudzirana sei mukuzadzisa zvishuwo nokuda kwaMwari muupenyu hwenyu. Mozviisa muzviito. Tauraiwo kuti zvakakosha sei kusangana namamwe makristu muchinyeterera nokurava Shoko pamwe chete. Ko ndenzira dzipi dzamungakurudzirana nadzo Kereke yenyu semhuri. Zvingaita here kuti mukokewo dzimwewo mhuri kuti musangane pamwe chete semhuri muchinyengeterera zvirikuitika mupasi rose nhasi.

Farai Mukushungurudzwa

"Asi farai kuti munogovana naKristu mumatambudzika, kiuitira kuti mufare kwazvo pakuonekwa kwokubwinya kwake" [1 Petro 4:13]. Hapana anoda kutambudzika, uye hatitombodi kuti dzimhuri dzedu dzipinde mukutambudziko nokurwadziwa. Zvisinei hazvo Mwari vakazviisa pachena kuti kana tichitambudzwa nokuda kwashe Jesu, ivo varipo kuzotinyaradza. *"Nokuti sokuwanda kunoita matambudziko aKristu paupenyu hwedu, ndiko kuwandawo kunoita kunyaradzwa kwedu naKristu"* [2 Vakorinde 1:5]. Kana nguva yakaoma ikapinda mukati memhuri yenyu muchapa Mwari mhosva here kana kuti muchatambira kunyaradza kwake? Dzidzisawo mhuri yako kuti kunaSatani uyo anofarira kukonzera nyonga-nyonga pakati pavanotenda. Satani imbavha, inoba kutenda kwedu nokufuridzira manzwi okunetesa mupfungwa nemwoyo yedu munguva dzakaoma. Vana ngavazive kuti Dombo redu noMudzikinuri wedu vanesu nguva dzose, kana naipo patinotambura. Ngavazivewo kuti tinokwanisa kudzidza nokusimbiswa pakutenda nokuda kwokushingairira pakutambudzika. Tikasakwanisa kubata matambudziko zvineungwaru, Ishe vangakwanisa here kutishandisa muzvirongwa zvavo kana kuti vanotisendekera kumativi, tongova vokuona pasina batsiro yatinayo mukufambiswa kwoumambo hwavo. Mumazuva okuguma, chokwadi ndechekuti tichapinda mumatambudziko nomukuidzwa.

Zivai Kuti Hapana Kana Chipo Chomweya Chamunoshaiwa

"Naizvozvo hapana kana chipo chomweya chamunoshayiwo pamunomirira nomwoyo wose kuratidzwa kwalshe wedu Jesu Kristu" [1 Vakorinde 1:7]. Vechidiki vazhinji kusanganisira nevamwe vakuru, vakamirira kuti Ishe vaite zvinhu zvikuru muupenyu hwaro pane kuti ivo vaende kunoraramira Ishe wavo zvinematuro. Kana vakasashandisa zvipo zvavakapiwa vanozoneta vagova vasina basa. Batsira nhengo dzemhuri yako kuti vave nemanzwira kuMweya Mutsvene pavanenge vachita basa roumambo. Ndapota usavarege vachiwira mumuedzo wovakaipa wokuzvitsonzedza panaMwari kana kuti zvimwe Mwari havana kundipa izvi zvipo, nezvimwewo zvikonzero zvakadaro. Shoko raMwari hariti iro "Naizvozvo muchashaiwa zvipo zvomweya kusvikira makura, uye kana Mwari vakuchutikai nesimba rake." Kwete! Mwari vakapa mumwe namumwe wedu zvipo zvokushandisa kushumirira muviri wake, iyo Kereke. Zvipo zvatakapiwa nenyasha kwete nokuda kwezvatinoita. *"Zvino pamusoro pezvipo zvaMweya, hama, handidi kuti muve musingazivi"* [1 Vakorinde 12:1]. *"Nokuti makaponeswa nenyasha, kubudikidza nokutenda, uye izvi hazvibvi kwamuri, chipo chaMwari, kwete namabasa, kuti parege kuva nomunhu anozvikudza"* [VaEfeso 2:9].

Basa, Kuzvidzora neTariro Kubudikidza neNyasha

"Naizvozvo, pfungwa dzenyu ngadzigadzirire kushanda, muzvidzore, muise zvizere, tariro yenyu panyasha dzamuchapiwa pakuonekwa kwaJesu Kristu" [1 Petro 1:13]. *"Mhuri yenyu yakagadzirira kushanda here? "Saizvozvowo, kutenda kwoga, kana kusina basa kwakafa"* [Jakobho 2:17]. Muri kuvagadzirira here kuti vave vaiti veshoko raMwari. Muri kuvadzidzisa here munzira yokuzvidzora? *"Kugumo kwezvinhu zvose kwava pedyo. Naizvozvo ndangariro dzenyu ngadzichene uye muzvidzore kuti mugogona kunyengetera"* [1 Petro 4:7]. *"Muzvidzore uye musvinure. Muvengi wenyu dhiabhori anofamba-famba achiomba seshumba inotsvaka waingadya"* [5:8]. *"Saka zvino, ngatiregei kuita sevamwe vavete, asi ngatisvinurei uye tive vanozvidzora"* [1 Tesaronika 5:6]. *"Asi sezvo tiri vamasikati, ngatizvidzorei, takapfeka kutenda norudo sechidzitiro chechipfuva, netariro yeruponiso senguwani"* [5:8].

Ko tariro yako yakagara zvizere here pamusoro penyasha dzaMwari dzawakagamuchira nokuregererwa kwezvivi zvako kubudikidza nomupiro waJesu Kristu pamuchinjikwa? *"Mwari Baba valshe wedu Jesu Kristu, ngaarumbidzwe! Nengoni dzake huru akatibereka patsva akatipinza mutariro mhenyu nokumuka kwaJesu Kristu kubva kuvakafa"* [1 Petro 1:3].

Garai Maari

"Kana murimi, kuzodzwa kwamakagamuchira kubva kwaari kunogara mamuri, uye hamutsvaki mumwe munhu kuti akudzidzisei. Asi sezvo kuzodza kwake kuchikudzidzisai pamusoro pezvinhu zvose uye sezvo kuzodzwa ikoko kuri kwechokwadi, kwete kwenhema, sezvakwakakudzidzisai, garai maari. Uye zvino, vana vanodiwa, rambai muri maari, kuitira kuti paanoonekwa tive nokushinga uye tisinganyadziswi pamberi pokuuya kwake" [1 Johani 2:27-28].

Dzidzisai mhuri dzenyu kugara vakanamatira panaJesu nokurava uye kudzidza Shoko raMwari, vachivimba nokuzodzwa kwoMweya Mutsvene kuti varinzwisise. Nzira yakanaka yokuzvigadzirira kuita zvaanotaura! Mutsvagei! Kumbirai njere nejekesero kubudikidza nesimba roMweya Mutsvene!

(Inoenderera Mberi Papeji 10)

Mirairo yaJesu

Nemanzwi iwaya zvinzvere muhana yako ugoona paumire naKristu

Mirairo yaJesu pamusoro po:

KUTENDEUKA

1. Tendeuka ..... Mateo 4:17, Zvakazarurwa 2:5
2. Uyai kwandiri ..... Mateo 11:28
3. Tangai kutsvaga Mwair nokururuma ..... Mateo 6:33
4. Regerera kana mumwe munhu akakutadzira ... Mako 11:25
5. Zvirambe ..... Mateo 16:24
6. Kumbira....tsvaga....gogodza ..... Mateo 7:7
7. Rwisai kuti mupinde napasuo rakamanikana .... Ruka 13:24

KUTENDA

1. Tenda Kulvhangeri ..... Mako 1:15
2. Tendai kunaMwari,mujtendewo kwandiri ..... Johani 14:1
3. Tendai kuna iye waakatuma ..... Johani 6:28-29
4. Tendai kuti ini ndiri muna Baba uye Baba vari mandiri ..... Johani 14:11
5. Tendai mabasa esimba andinoita ..... Johani 10:37-38
6. Tendai kuchiedza,muchinocho ..... Johani 12:36
7. Zvose zvamunokumbira, tendai kuti mazvigamuchira ..... Mako 11:24

KUZVARWA PATSVA

1. Unofanira kuzvarwa patsva ..... Johani 3:7
2. Tanga wacheneswamukati ..... Mateo 23:26
3. Itai muti uve wakanaka uye michero yawo ichava yakanakawo ..... Mateo 12:33
4. Garai mandiri, uye ini ndichagara mamuri ..... Johani 15:4
5. Ivai nomunyu mukati menyu ..... Mako 9:50
6. Shandirai zvinogara kuupenyu husingaperi ..... Johani 6:27
7. Farai kuti mazita enyu akanyorwa kudenga ..... Ruka 10:20

KUGAMUCHIRA MWEYA MUTSVENE

1. Jesu vakat Gamuchirai Mweya Mutsvene .... Johani 20:22
2. Vana vanofanira kutanga kuzadzwa ..... Mako 7:27
3. Kana pane munhu-ane nyota, ngauye kwandiri azonwa ..... Johani 7:37-38
4. Teererai zvandinotaura...Baba vachakupai mumwe Munyaradzi kuti agare nemi nokusingaperi ..... Johani 14:15-17
5. Kumbirai...nokushinga...musingaori mwoyo ..... Johani16:24, Ruka 11:5-13
6. Garai...kusvikira mafukidzwa nesimba rinobva kumusoro . ..... Ruka 24:49
7. Kana Munyaradzi asvika...nemiwo muchapupura ..... Johani 15:26

KUTEVERA JESU

1. Uya unditevere ..... Johani 12:26
2. Unofanira kubha bhatidzwa ..... Mateo 3:13; Mateo 28:19
3. Torai izvi (chirairo) muchindirangarira ..... Ruka 22:17-19
4. Nemiwo munofanira kushambidzano tsoka dzenyu ..... Johani 13:14-15
5. Kana munhu achida kunditevera anofanira kuzviramba ..... Ruka 9:23
6. Mudzidze kwandiri ..... Mateo 11:29
7. Garai murudo rwangu ..... Johani 15:9
8. Rindai ..... Mako 13:34-37

RUDO RUKURU KUNA MWARI

1. Ida Ishe Mwari wako nomwoyo nemweya wako wose ..... Mako 12:30
2. Namata Ishe Mwari wako uye umushumie iye oga ..... Mateo 4:10
3. Namata Mwari mumweya nemuchokwadi ..... Johani 4:24
4. Musadana ani zvake ari panyika muchiti "Baba" ..... Mateo 23:9
5. Usuedza Ishe Mwari wako ..... Mateo 4:7

(Inoenderera Mberi Papeji 11)

Kuvandudza Mhuri...

(Kubva Papeji 9)

Zvichengetei Murudo rwaMwari

"Zvichengetei murudo rwaMwari pamunenge muchimirira ngoni dzaIshe wedu Jesu Kristu kuti dzikuuyisei kuupenyu husingaperi" [Judha vs. 21]. Ida Mwari, uye idawo vamwe-ndiyo mitemo miviri mikuru sezvatamboreva pamusro. Naizvozvo, chinobhururuka chinomhara, regai tipedzise nekurudziro yatambotanga nayo! Mwari vane urongwa nezvishuwo zvisati zvapera pamusoro pekereke yavo. Mateo 24:14 inonyatso dema pachena, *"Uye ivhangeri iri roumambo richaparidzwa munyika yose souchapupu kumarudzi ose, ipapo kuguma kuchasvika."* Nyanzvi dzezvoushumiri dzinoti idzo chikonzero nei kutumwa kukuru kusati kwazadziswa imhaka yokuti kereke iri kuramba kutevera mutemo wokuda Mwari. Kana tichimuda zvechokwadi, zvichataridzwa nenzira yatinomuteerera nayo. Tichada nokuchengeta vavakidzani vedu. Tichagoverana Nhau Dzakanaka dzaJesu navo, kusvikira kumagumo kwayo nyika.

"Tarirai, ndiri kukurumidza kuuya! Mubayiro wangu ndinawo, uye ndichapa mumwe nomumwe maererano nezvaakaita. Ndini Arufa naOmega, wokutanga nowokupedzisira, kutanga nokuguma... Uyo anopupura zvinhu izvi anoti 'Hongu, ndinokurumidza kuuya' Ameni. Uyai, Ishe Jesu. Nyasha dzaIshe Jesu ngadzi navanhu vaMwari. Ameni" [Zvakazarurwa 22:12, 20-21].

Kuti mandiri vanhu Kristu vagomuona.

(Kubva Papeji 10)

6. Ityai uyo ane simbawo rukukunda mugehena ..... Ruka 12:5
7. Munhu wose anofanira kukudza Mwanakomana ..... Johani 5:22-23

CHIJANA CHEDU KUVAVAKIDZANI

1. Ida muvakidzani wako sokuzvida kwaunozviita iwe ..... Mateo 19:17-19
2. Usauraya ..... Mateo 19:18
3. Usaita upombwe ..... Mateo 19:18
4. Usaba ..... Mateo 19:18
5. Usapupura nhema ..... Mateo 19:18
6. Kudza baba vako namai vako ..... Mateo 19:19
7. Itira vamwe zvaunoda kuti vakuitire ..... Ruka 6:31

CHIJANA CHEDU KUNA MWARI NEMUNHU

1. Ipa Kesari zvakesari uye kuna Mwari zvaMwari ..... Mako 12:17
2. Musatongopika ..... Mateo5:34-37; Mako 4:22
3. Chabatanidzwa naMwari pamwe chete hapana munhu anofanira kuchiparadzanisa ..... Mateo 19:5-6
4. Kurumidza kutenderana nomudzivisi wako .... Mateo 5:25
5. Mudzidzisi, taona munhu achidzinga madhimoni tikamudzivisa... Jesu akati "Musamudzivisa" ..... Mako 9:38
6. Mudye zvose zvinoiswa pamberi penyu ..... Ruka 10:8
7. Unganidzai zvimedu zvose zvasara Musarega zvichiraswa ..... Johani 6:12

MARUDZI OSE OKUCHIVA

1. Chenjerai! Muchenjerere marudzi ose okuchiva ..... Ruka 12:15
2. Musazviunganidzira pfuma panyika ..... Mateo 6:19
3. Zviunganidzirei pfuma kudenga ..... Mateo 6:20
4. Ipa chegumi...uye usasiya zvisina kuitwa ..... Mateo 23:23
5. Ipa kana munhu akukumbira, uye usafuratira .. Mateo 5:42
6. Ipai zvipo kuvaromba ..... Ruka 11:41
7. Kana wagadzira kudya...kwamasikati ukoke varombo, zvirema, vanokamhina namopofu ..... Ruka 14:12-13

KUNYENGERA

1. Chenjererai mbiriso yavafarisi, kunyengera ..... Ruka 12:1
2. Chenjererai vadzidzisi vomurayiro...vanopfeka nguo refu . ..... Ruka 20:46-47
3. Musaita zvavanoita ..... Mateo 23:2-3
4. Hamufaniri kushandura imbo yaBaba muchiita musika wokutengesera ..... Johani 2:16
5. Chenjererai kuito mabasa enyu okururama pamberi pavanhu kuti muonekwe navo ..... Mateo 6:1-4
6. Musanyengeterera kuti muonekwe navanhu ... Mateo 6:5-6
7. Pamunotsanya, musaunyanisa zviso zvenyu kuti muonekwe navanhu ..... Mateo 6:16-18

MUNAMATO

1. Garai muchinyengetera ..... Ruka 21:36
2. Nyengeterai kuti murege kupinda mukuidzwa ..... Ruka 22:40-46
3. Nyengetererai kuti atume vashandi mumunda wake ..... Ruka 10:2
4. Nyengetererai avo vanokutukai, nyengetererai vaya vanokunetsai ..... Ruka 6:28
5. Kumbirai kuna Baba...muzita rangu ..... Mateo 6:6, Johani 16:24-26
6. Aya ndiwo manyeterero amunofanira kuita...Baba vedu vari kudenga ..... Mateo 6:9-13
7. Pamunonyengetera musangoramba muchidzokorora zvimwe chetezvo ..... Mateo 6:7-8

KUTENDA

1. Ivai nokutenda muna Mwari ..... Mako 11:22
2. Rega kukahadzika uye utende ..... Johani 20:27
3. Musafunganya pamusoro peizvi ..... Ruka 12:29
4. Musafunganya nezvoupenyu hwenyu ..... Mateo 6:25-34
5. Mwoyo yenyu ngairege kutambudzika ..... Johani 14:1-27
6. Musatya ..... Mateo 14:27
7. Usatye; tenda bedzi ..... Mako 5:36; Ruka 12:4-7

NZVERA

1. Shingairirai kunzvera magwaro ..... Johani 5:39
2. Rangarirai mashoko andakataura ..... Johani 15:20
3. Teeresesai kune zvandiri kuda kukutaurirai ..... Ruka 9:44
4. Nyatsofungisisai kuti munonzwa sei ..... Ruka 8:18
5. Chenjererai zvamunzwa ..... Mako 4:24
6. Chenjererai mungwarire mbiriso (dzidziso) yavafarisi ..... Mateo 16:6-12
7. Chenjererai vadzidzisi venhema ..... Mateo 7:15-17

CHIEDZA CHENYU NGACHIVHENEKE

1. Chiedza chenyu ngachivhenekere pamberi pavanhu... vagokudza Baba venyu vari kudenga ..... Mateo 5:13
2. Chenjererai kuti chiedza chiri mamuri chirege kuva rima . ..... Ruka 11:35
3. Endai munouya nemichero...yakawandisa Johani 15 ne 16
4. Ivai netsitsi sababa venyu vane tsitsi ..... Ruka 6:36
5. Chienda undovaudza zvawaitirwa naShe ..... Mako 5:19
6. Svinurai meso enyu...mutarise kuminda ..... Johani 4:35
7. Fambai muchine chiedza ..... Johani 12:35

KUUYA KWECHIPIRI KWAKRISTU

1. Batisisa kusvikira ndauya ..... Zvakazarurwa 2:25; 3:2-3
2. Garai makagadzirira nokuti Mwanakomana woMunhu achauya nenguva yamusingatarisiri ..... Ruka 12:40
3. Zvishongedzei, mwenje igare ichipfuta, makarindira kudzoka kwatenzi ..... Ruka 12:35-36
4. Chenjerai kuti mwoyo yenyu irege kuremedzwa nokufunganya kwoupenyu ..... Ruka 21:34
5. Rangarirai mukadzi waRoti! ..... Ruka 17:31-32
6. Chenjerai kuti murege kunyengerwa ..... Ruka 21:8; Mako 13:5-6

(Inoenderera Mberi Papeji 12)

(Kubva Papeji 11)

UNYORO

1. Takurai joko rangu-mudzidze kwandiri, nokuti ndine mwoyo munyoro ..... Mateo 11:29
2. Vatongi vavaHedheni vanobata ushe pamusoro pavo ngazvirege kudaro kwamuri ..... Mateo 20:25
3. Ani naani anoda kuva mukuru...anofanira kuva muranda wenyu ..... Mako 10:43-44
4. Humufaniri kunzi "Rabhi" ..... Mateo 23:8
5. Musazvisarudzira nzvimbo yokukudzwa yapamberi ..... Ruka 14:8-11
6. Musafara nokuti mweya yakaipa inozviisa pasi penyu ..... Ruka 10:20
7. Munofanira kuti "Tiri" varanda vasina maturo ..... Ruka 17:10

RUDO KUVADIKANI VEDU

1. Dananai, sezvo ini ndakakudai ..... Johani 15:12
2. Onai kuti hamuzvidzi mumwe wavaduku ava ..... Mateo 18:10-14
3. Tanga wayanana nehama yako, wozouya wopa chipo chako ..... Mako 9:50; Mateo 5:24
4. Kana hama yako yakutadzira enda umuudze . Mateo 18:15
5. Kana hama yako ikakutadzira iregerere ..... Ruka 17:3-4
6. Regai kutonga nezvinoonekwa zvomunhu ..... Johani 7:24; Mateo 7:1-5
7. Musatonga, uye nemi hamuzotongwi ..... Ruka 6:37

RUDO RWAKAKWANA

1. Ivai vakakwana sezvo Baba venyu vari kudenga vari vakakwana ..... Mateo 5:48
2. Enda unotengesa zvose zvanunazvo ugopa varomba ..... Mateo 19:21; Ruka 12:33
3. Idai vavengi venyu ..... Mateo 5:44; 26:52
4. Itirai zvakanaka avo vano-kuvengai ..... Ruka 6:27-28
5. Kweretesai musingatarisiri kuwana kana chinhuzve ..... Ruka 6:35
6. Musadzivisa munhu akaipa ..... Mateo 5:39-41
7. Nokutsungirira kwenyu, batisisai upenyu hwenyu ..... Ruka 21:19

KUVIMBIKA KUSVIKIRA PARUFU

1. Ivai vakatendeka, kunyange kusvika parufu ..... Zvakazarurwa 2:10
2. Batisisa icho chaunacho ..... Zvakazarurwa 3:11
3. Kana muchitambudzwa, farai ..... Ruka 6:23
4. Kana mukatambudzwa mune rimwe guta tizirai kune rimwe ..... Mateo 10:23
5. Aqsi kana vakusungai musafunganya pamusoro pokuti muchataurei ..... Mateo 10:19
6. Regai kugunun'una pakati penyu ..... Johani 6:43
7. Simudzai misoro yenyu, mumire musimudze meso ..... Ruka 21:28

KUPARIDZIRA IVHANGERI

1. Paridzirai ivhangeri kuzvisikwa zvose ..... Mako 16:15; Mateo 10:7
2. Kutendeuka nekuregererwa kwezvivi kunofanirwa kuparidzirwa kumarudzi ose ..... Ruka 24:46
3. Mubhabhatidze vadzidzi vose ..... Mateo 28:19
4. Muvadzidzise ..... Mateo 28:20
5. Zvindinokuudzai murima muzvitaure muchiedza ..... Mako 4:22; Mateo 10:27
6. Fudza makwayana angu ..... Johani 21:15-17
7. Poresai vanorwara ..... Mateo 10:8

UCHENJERI

1. Ivai vakachenjera senyoka uye mugova vasina mhosva senjiva ..... Mateo 10:16
2. Chenjererai vanhu ..... Mateo 10:17
3. Vasiyei [vatungamiri vamapofu] vakadaro ..... Mateo 15:12-14
4. Musapa imbwa zvinhu zvitsvene uye musakanda mapareoa enyu kunguruve ..... Mateo 7:6
5. Iye zvino kana une chikwama uchitore ..... Ruka 22:35-36
6. Muguta ripi neripi tsvagai zvaro munhu akakodzera mugogara mumba make ..... Mateo 10:11
7. Mukasagamuchirwa...pukutai kunyange neguruva riri patsoka dzenyu ..... Ruka 10:10-11

"KANA MUNHU ACHINDIDA, ACHATEERERA KUDZIDISA KWANGU"
Johani 14:23

Ukama naJehovha

Jehovha ndiye mufudzi wangu;
Hapana chandingashaiwa.
Anondivatisa pasi pamafuro manyoro;
Anondisesedza pamvura inozorodza.
Anoporesa mweya wangu;
Anondifambisa panzira dzokururama nokuda kwezita rake
Zvirokwazvo, kunyange ndikafamba mumupata womumvuri worufu,
Handingatongotyi zvakaipa nokuti imi muneni;
Tsvimbo yenyu nomudonzvo wenyu zvinondinyaradza.
Munondigadzirira chokudya pamberi pevadzivisi vangu;
Munozodza musoro wangu namafuta mukombe wangu unopfachukira.
Zvirokwazvo unyoro nenyasha zvichanditevera mazuva ose oupenyu hwangu;
Ini ndichagara muimba ya Jehovha mazuva nomazuva.
Pisarema 23

CHENJERERA KUSHANDURA SHOKO RAMWARI

na C.H. Spurgeon

Mifungo yose yakahwanda, ingangonyengera vanhu kukushandura Shoko raMwari, yakanguri yakadomwa [kare] muzvipoka zvakasiyana siyana zveShoko raMwari. Izvi zvinoratidza kuti Mwari vakanguri vachizviziva kubva pakutanga magamuchirwo aizopiwa chokwadi cheshoko ravo; uye iyizve irairo kumutendi anozvininipisa, ukuwo ichiva chinyadziso kumudzidzisi wanhasi anodimura dimura nokushonyorora zvimedu zveShoko raMwari.

Ingozi huru kudakarira Kushandura Shoko raMwari.

Vari murenje Jehovha pachavo vakanongedzera kuiri shoko: *"Musawedzera kana kutapudza kubva pane zvandinokurayirai, asi chengetai mirayiro yaJehovha Mwari wenyu"* [Dhuteronomi 4:2]. Marudzi avanga vachinopamba vaive vakanguri varasa kuteerera Musiki wavo kare, naizvozvo chidakadaka chokutsoropodza nokushandura Shoko raMwari kwaizotungamira mukukoromoka kwalsirairi. Dhuteronomi 12:32 inoyanika pachena iyi ngozi uye igokomerera iyi yambiro, *"Munofanira kuita zvose zvandakakurayirai; musawedzera pazviri kana kubvisa kubva pzvirir."*

Basa rokushandura Shoko raMwari chitadzo chikuru.

"Shoko rimwe nerimwe raMwari nderechokwadi... usawedzera kumashoko ake kana kuti achakutsiura uye ugoratidza kuti uri murevi wenhema" [Zvirevo 30:5-6]. Uyo anonyorera kunatsurudza zvariri [Shoko] ari kubaira manyepo kune uyo wouchenjeri hwose. Pfungwa dzakaora ndidzo chete dzinga zviedza.

Kuvavarira Kushandura Shoko raMwari Iratidzo youzerera.

Mharidzo yamuporofita Jeremia yaityisa zvekuti aitorwadzirirwa rudzi rwokwake. Zvose izvi Mwari vakazviona, bva mumanzwi asinganzwisisiki vanoti ivo kumuporofita, *"Uvaudze zvose zvandakurayira, usadarikira kana Shoko rimwe chete"* [Jeremia 26:2]. Kana Shoko raMwari rikadarikirwa, raro simba rinoderedzwawo naizvozvowo zvibereko zvaro hazvioneki. Utongi, nesimba, tsananguro nekutyisa kwechokwadi cheShoko raMwari kunofanira kuchengetedzwa zvakazara kana zvinagwa zvose zvaMwari zvichida kuzadziswa.

Kushuvira Kushandura Shoko raMwari Unyengeri.

Zvakazarurwa 22:18-19 inofanira kuverengwa nokutya nokudedera: *"Ndinoyambira mumwe nomumwe anonzwa mashoko ouprofita hwebhuku iri ndichiti: Kana munhu upi zvake akawedzera chinhu chipi zvacho kwairi, Mwari achawedzerawo kwaari matambudziko akanyorwa mubhuku iri. Uye kana munhu upi zvake akatapudza mashoko kubva mubhuku iri rouprofita, Mwari achabvisawo kubva kwaari mugove wake pamuti woupenyu nomuguta dzvene, izvo zvakanyorwa mubhuk iri."*

Naizvozvo, kubvira chikare kusvikira nanhasi Mwari vagara vachiyambira nezvemhosva huru iyoyi. NdiMwari vane godo, uye vakagazirira kutarisana newose anoshandura chakazarurwa cheShoko ravo, nokutonga kukuru. Iyi ndiyo mhosva yatinayo mazuvaano: dai Mwari vatichengetedza kubva kwairi!

INGUVA IPI YATINOFANIRA KUVA NEMUTSURUDZO?

Kana tave kunyanya kufarira-farira zvemitambo kupfuura nguva yokunyengeterera tichitsvaga uso hwaMwari noumambo hwake. Kana toona zviri nani kunoukira mutambo webhora pane kuno sangana paminamato navamwe vatsvene. Kana zvinhu zvose zvinoita sezvinofamba zvakanaka.

Kana topedzera nguva yedu zhinji takatarira maTV nokuverenga mabhuku ezvenyika pane kudzidza nokurava Shoko raMwari.

Kana zvova nyore kupedzera mari nesimba pane zvemafaro tichirasa nokukanganwa nezvoumambo hwedenga. Apo tinenge topedzera nguva pane zvemakuhwa neshamwari dzedu pane kuyanana naMwari.

Kana kuenda kuimba yaMwari kusisa kosheswa kwoita sokunabhowa. Kana toita zvokupfupfurudzwa kuenda kuimba yomunyengetero.

Kana tisisadi kubvuma zvivi muupenyu hwedu. Mwoyo yaomarara uye tokakatirana namwari kana vachitudza zvitadzo zvedu.Kana tisisatori shoko romuranda waMwari zvakadzama.

Kana kunyegeterera nokurumbidza rangove basa romuromo kwete zvinobva muhana.Kana hana dzatonhora, mweya yatonhora rudo rwakadzika rwaperavedza kuna Jesu tangove zvitunha zvinofamba.

"Ko hamungatimutsiridzi here, kuti vanhu venyu vagofara mamuri" Mapisarema 85:6.

—naEleanor McKinney

CHIKURU CHINODIWA: Mwoyol Inopfuta!!!

naWesley Duewel

Mwari vakakusika patsVa kuti uzadzwe uye nokuzodzwa neMweya Mustvene; [kufukidzwa nesimba rinobva kumusoro], kuti uve chisikwa chinvaima nokuopfuta moto. Takakomborerwa, tinokunda nokupfuurisa uye tinoshandisika panaMwari kana tiri vanopfuta rimi dzvene rokumusoro – rimi rinogara mukatikati muupenyu hwedu – rimi roMweya Mutsvene.

VaGeorge W. Peters vanoti ivo, "Mwari neKereke uye nenyika yose zvayo, zviri kutarira-tarira kumativi ose, kuti zviwane numhu mumwe chete ane hana inopfuta, hana yakazadzwa nerudo rwaMwari, hana yaakazadzwa uye inokurwadzikana nechirwere chapinda mumaKereke edu nenyika yose nhasi; vaya vakazadzwa nenyota yokuona kubwinya kwaMwari neivhangeri yelshe wedu Jesu Kristu. Mhinduro yaMwari kuupofu huripo, kutonhora kuripo uye noupenzi huripo hwenyika, makristu anobvira moto mumwoyo yavo."

Mupositori Pauro achinyorera Timoti [mwana wake mukutenda] anomuyeuchidza kuti *"ukuchidzire chipo chaMwari chiri mauri."* Pfungwa yaaive nayo ndeye kushandisa mvuto kuvhutira kamoto kadiki kuti rive rimi remoto mukuru. Timoti aifanira kuita zvose zvaaigona kufuridzira chipo ichochi chinoshamisa chaiva maari chipo choMweya Mutsvene waMwari. Tinofanira kusarudza pakati pokuuramba Mweya uyu, kuutonhodza kana kuufuridzira kuti uve moto mukuru weMweya uri matiri.

Moto pachawo kana ukasakuchidzirwa unodzima. [Naizvozvo] kana tikasateerera nokushandisa nyasha dzatakapiwa naMwari naiyewo anomira kutipa simba . Ngozi huru kwatiri isu maKristu, ndeyekutonhora pamweya, kurasikirwa noutapiri, uye kuderera pakushingairira. Mutungamiri weuto reSalvation Army, General Booth vaigaro kurudzira vanhu vavonemanzwi aya vachiti, "Chenjerera moto uri paaritari romwoyo wako, ungadzime."

Nyaya huru inonetsa pamaKristu mazhinji, pamweya ndeyokuti "ndakambo pfuta kana kuti ndaimbopfuta." Iripo here nguva yawakambo pfutira Mwari kupfuura zvauri nhasi. Mwari ngaarumbidzwe naizvozvo. Karimi ikoko koita sekodzima kanokwanisa kufuridzirwa kuva rimi guru zvakare. Hatizirisu tinoubatidza, uyu moto.Kwete. Hatiushandiri kana kuukirenga. Mwari ndivo voga vanoti bhabhatidza neMweya Mutsvene uye nemoto. Chedu chete kuzvininipisa pamberi paMwari, tichimuudza pachena zvatinoshaiwa muminyengeterero. Kutsvaga uso hwoveDenga kusvikira chiedza chake chavhenekera izvo zvinoti-tadzisa kuzadzwa nokupiwa simba.

Moto mutsvene waMwari unowira chete pamusoro pemwoyo yakagadzirira uye inoteerera.Mwoyo inokuzvininipisa. Zvimwe nhamo huruzve yatinayo ndeyekuti hatina nzara, kana nyota pazvinhu zvaMwari. Mwoyo yedu haina kuperera.haina kudzama. [Nyota seyaVanakomana vaKora vanoti *"Senondo inotakwairira hova dzemvura, saizvozvo mweya wangu unotakwairira, imi Mwari. Mweya wangu une nyota kuna Mwari, nyota yoMwari mupenyu"* [Pisarema 42:1,2]. Nyota seyaDhavhidhi uyo anoti, "Mwoyo wangu unoti kwandiri, 'Tsvaka chiso chake!'" (Ini ndoti) Chiso chenyu, Jehovha, ndichachitsvaga.]

[Nhai mudikani] Pane chinhu chikuru chiri kudikana mumaKereke edu nhasi: Hazvina kukwana kungoparidza mukutenda uye muzvinobva mumwoyo. Tinofanira kuzadzwa naKristu, kuzadzwa nerudo rwake. Kuzadzwa nenyasha dzake, kupfuta nesimba nokubwinya kwake. Zvose zvatiri, sokutaura kunoita muimbi, zvinofanira kuzodzwa nokuzadwa nemoto unobva kumusoro. [Inzwa hama mudikani'. Huni dzoga hadzina kukwana, aritari pachayo hainazve kukwana, chipiriso choga hachina kukwana – Panodiwa moto!! Ewo nhai moto wedenga moto waMwari, wirazve pamusoro pedu [sezuva riya repentacosti! Dzika!dzika! pamusoro pedu nesimba! Tipfutidzei nhai Ishewe,Napota Tipfutidzei!

Kubva nubhuku "Abaze for God" zvitsauko 1-3, rakanyorwa. na Wesley Duewel.

MUNHU HAARARAME NECHINGWA BEDZI ASI NESHOKO RIMWE NERIMWE RINOBVA PAMUROMO WAMWARI...

Mateo 4:4

Jesu Kristu ndiye Muprisra Mukuru...

"Naizvozvo sezvitino muprista mukuru kwazvo, akapinda nepakati pamatenga, Jesus Mwanakomana waMwari, ngatibatisisei kutenda kwedu kwatinopupura. Nokuti hatina muprista mukuru asingagoni kutinzwira tsitsi pautera hwedu, asi tinaye akaedzwa pazvinhu zvose, sesu, asina chivi. Ngatichiswederai tisingatyi pachigaro chouShe chenyasha, kuitira kuti tigogamuchira ngoni uye tigowana nyasha uye tabatsirwe panguva yokushaiwa—"

"Shoko guru pane izvozvi zvatiri kutaura ndiro iri rokuti: Tino muprista mukuru akadai akagara kurudyi rwechigaro chalshe kudenga, uye anoshumira muimba tsvene, iyo tabhenakeri chaiyoiyo yakamiswa nalshe, kwete nomunhu—"

"Naizvozvo, hamo dzangu tsvene, vagovani neni pakudanwa kunobva kumusoro kudenga, isai pfungwa dzenyu pana Jesu, Mupostori nomuprista mukuru uyo watinopupura nezvake. Uyo akanga akatendeka kuno uyo wakamutuma—" [Munyori KuvaHebheru].

"Nokuti muromo womuprista unofanira kuchengeta zivo, uye vanhu vanofanira kutsvaka dzidziso kubva pamuromo wake, nokuti ndiye nhume yaJehovha waMasimba Ose." [Muprofita Maraki].

KUBVA MUSHOKO DZVENE RAMWARI..... riverenge nhasi.

Kana Mwari Voiita Sevasinganzwi

Kana zvoiita sokunge Mwari vave mburunzeve kuminyengetero yako, nyatsozvitarisisa hama yangu. Mwari havavimbisi kudavira minyengetero:

Kana uchinyunyutira vamwe [Mateo 18:21-35; Jakobho 5:9].

Kana usingaregereri vamwe [Mateo 6:9-15; Mako 11:22-26].

Kana usingakumbiri ruregerero kuzvitadzo zvako [Mat 18:15; Mateo 5:21-24; Mateo 7:12].

Kana usingashingairiri kubhadhara zvikwereti zvawakatora [Roma 13:8; Revhitiko 19:13; Pisarema 37:21; Mateo 7:12].

Kana usina kunatsurudza zvinhu uye kudzosera izvo zvawakawana nokunyengera [Ruka 19:8].

Kana usina tsitsi neunyoro kuvose kusanganisira vanokuvenga [Mateo 5:44-48].

Kana uchiramba uri muzvivi zvaunoziva [Pisarema 66:18; Isaya 1:15-20; Isaya 55:6-8; Mako 1:14-15].

Kana uchizviisa pasi pemiedzo [Jakobho 1:2-15; Mabasa 14:22; Mateo 13:1-23; Mateo 5:27-30; Jakobho 4:1-12].

Kana une godo uye kungotsoropodza vamwe [Isaya 58:9; VaEfeso 4:30-32; Johani 15:12,17; VaGaratia 5:13-26; VaRoma 12:9-21].

Kusateerera kunomuita ave mburunzeve kuminyengetero yedu Mwari, [Isaya 59:1-3]. Zvisinei, kutendeuka nekureurura zvivi zvedu kunomuita azarure nzeve nehana yake zvinenyasha kwatiri uye anotibvumira kutora zvivimbiso zvake zvakaisvonaka zvinopfuura zviuru zvitatu zviri muShoko rake [Johani 6:37; Roma 2:4; 1 Johani 1:5-9; 2:1-6; 3:18-24].

KRISTU NGAAVE ZVOSE ZVANGU

Ndinoda kuva chinhu pasina—hongu pasina.
Kanapo zvichirwadza kuzvininipisa—ndiri pasina.
Kuzvose zvangu ndinofanira kufa—ndigova pasina
Munyori haazivikanwi

Kuuya Kwokutenda

Ndakanamata [zvikuru] ndichikumbira kutenda [faith] uye ndine pfungwa yokuti [iko] kutenda kuchandirova somupande unobva kumusoro. Kutenda hakuna kuuya saizvozvo. Nerimwe zuva ndakarava mubhuku yavaRoma chitsauko chegumi. "Naizvozvo kutenda kunouya nokunzwa, nokunzwa kunouya neshoko raKristu." [Pakunzwa izvi angu meso akavhurika]. Pandainyengeterera kutenda ndaive ndakavhara Shoko raMwari kutenda hakuna kuuya. Asi panda kazotanga kurirava ndiyowo yakave nhangiro yokutenda kwangu uyewo nanhasi kutenda kuri kungokura.

Na D.L. Moody

Kunyengeterera Mutsurudzo

Ewo Mweya woupenyu, uya utsvaire pakati pedu,
Yako kereke mutsiridza ine upenyu nesimba,
Ewo Mweya woupenyu uya, chenesa utiite vatsva hedu,
Paino nguva, yako kereke uikwanisire nesimba!

Ewo Mweya waMwari uya utikombamise nokutivhuna,
Kusvikira mukuzvininipisa zvatinoda tareurura,
Muunyoro hwako utiite vatsva seeshiri manyana,
Mutsiridza, dzoredzera, ingawani tanyengetera!

Ewo Mweya worudo, uya ufemere imo matiri,
Mifungo, kwedu kuda nemwoyo ushandure,
Uya, iwe Rudo rwaKristu patsva utitore,
Munazvose umutsiridze rako Sangano iri!

Ewo Mwoyo waKristu uyo wakaputsikiresu,
Apo patinowana kusimbiswa nezororo isu,
Yakaputsika nokupwanyika yedu mwoyo yozorora,
Chiitai yenyu Kereke ikomborerwe yakamirira!

Timutsiridzei nhai Ishe! Kushingairira kwoderera here,
Yatochena kuti ikohwiwe, iyo minda yakakura?
Timutsiridzei nhai Ishe! Nyika yakatimirira,
Chishongedzai yenyu kereke, chiedza iparidzire!

naBessie Porter Head

Tsamba Kubva Kuvaverengi...

Ratidzo yokushanda kwesimba rinobva kumusoro

Bulawayo

Changamire— Chokutanga, kubva mukati-kati momwoyo wangu ndinoda kukutendai zvikuru nokugara muchinditumira kwamunoita pepanhau renyu reMharidzo. Mharidzo inondi batabata uye nokundikomborera zvikuru. Ipepa rinosimbisisa mweya yeavo vanenzara nenyota neshoko raMwari. Shoko rimwe narimwe rinounza makomborero, kuridziro uye kuzvinzvera kwakadzamisisa. Mwari ngavarambe vachikuitirai zvakanaka pachinhanho chikuru ichi chamatora chokushandurira Herald mururimi rwaamai. Ndapota rambaipo muchinditumira pepanhau renyu.—

Ngundu

Bu bu bu Changamire, ndinokutendai zvikuru nokuda kwepepa renyu reMharidzo yokuuya Kwake. Pandiri kuriverenga ririkuita mashiripiti okuti ndikure zvikuru pamweya uye nepakuziva chokwadi cheShoko raMwari. Riri kundikurudzirawo zvikuru pandinodzidzisawo vamwe shoko raMwari. Ndapota rambai muchinditumira nokuti riri kundibatsira zvikurusa.—

Nyanga

Gamuchiraipo chipo changu che..... Ishandisei pabasa raMwari. Ndinotenda zvikuru nekuti tumidzira Mharidzo Yokuuya Kwake. Ndinofara zvikuru nguva dzose kana ndichirigamuchira. Parizvino ndinotarisira kuti mucharamba muchinditumira iri pepa muchiShona. Zvirokwazvo pepa renyu rinondisimudzira zvikuru sei munguva dzokurasikirwa neshamwari yepamwoyo. Hanzvadzi yangu Collen naye anodawo pepa reShona.

Mupandawana

Changamire-Ndinokumbirawo kuti munditumidzirewo mapepa ose eHerald akanyorwa nechiShona uye maBhaibheri echiShona, kana zvichibvira. Kwandinogara kumaruwa saka ndinoshaiwa zvingandibatsira pamweya uye nepakuziva Mwari. Saka ndaikumbirawo rubatsiro rwenyu zvakanyanya.

Marondera

Changamire—Chokutanga nokutangisisa ndinoda kukutendai zvikuru norutsigiro rwamanotipa mukuparidzira Shoko roweDenga. Mharidzo yeJesu inofanira kuparidzwa uye rufu nokumuka kwake kunofanira kuudziwa munhu wose.Haiwa dai Mwari varamba vachiwedzera zvakapetwa kazana kubasa guru ramuri kuita. Nyasha norudo rwaMwari ngazvirambe zvinemi kusvikira achiuya. Ndingafara zvikuru kana mukanditumirawo pepa renyu rakakomborerwa reMharidzo.

Zvishavane

Changamire wangu—Isu tiri kusimidzirwa zvikuru kuno kuMberengwa nepepa renyu rine samba ramandorkwati. Ndinokuvimbisai kuti pane ipi zvayo nguva rumutsurudzo rungangovapo kuno uye ruri munzira kuuya. Regai ndikutendei mose zvikuru nebasa guru ramuri kuita.. Heanoi mazita evamwe vanoda kutambira pepa reMharidzo

Chikumbiro

Bepanhau reMharidzo ringafara zvikuru kana rikawana tsamba dzinobva kwamuri. Ndapota tumirai tsamba dzenyu muchitiudzawo kuti murikuzvinzwa sei zvatiri kukupakurirai uye nezvamunokarira kuti dai zvawedzerwa. Tiudzeiwo kuti Mwari muri kumushandira sei uye kuti ari kushandawo sei mumasangano enyu. Titumireiwo zvikumbiro zveminyengetero. *"Tarirai zvakanaka sei kana hama dzichigara pamwe chete murugare... Nokuti ndipo Jehovha akaraira kuropafadza kwake, ndihwo upenyu husingaperi"* [Ps. 133:1,3]. Tumirai tsamba dzenyu pakero inoti:

Mharidzo Yokuuya Kwake
1257 Emganwini
P.O. Nkulumane
Bulawayo
Kana pa: mharidzo4Him@yahoo.com

Chivi Nekudzikinurwa

Mubayiro wezvivi ndirwo rufu [VaRoma 6:23]. Asi chinhu chinofadza ndechekuti Jesu akaripira chirango chacho pamuchinjikwa; *"namavanga ake takaporeswa"* [Isayo 53:5], Naizvozvo hatichafaniri kuva varanda vechirango chechivi, [VaRoma 6:11-14]; kana tikareurura zvivi zvedu uye tichigamuchira basa redzikinuro rakaitwa naKristu pamuchinjikwa [Mabasa 2:38,39; VaRoma 10:9,10].

Nhanho Dzoruponiso

1. Bvuma kunaMwari kuti uri mutadzi uye kuti wakafanira rufu. *"Nokuti vose vakatadza uye vakasasvika pakubwinya kwaMwari"* [VaRoma 3:23]. *"Nokuti mubayiro wechivi ndirwo rufu"* [VaRoma 6:23].

2. Tendeuka kubva muzvivi, wokumbira ruregerero kubva kuna Mwari. *"Akaipa ngaasiye nzira yake, nomunhu akashata mirangariro yoke...Ngaadzokere kunaJehovha, uye iye achamunzwira ngoni, nokuna Mwari wedu, nokuti achakanganwira"* [Isaya 55:7].

3. Mukutenda *"kuti Kristu akafira zvivi zvedu...kuti akavigwa akomutswa kuvakafo"* [1 Korinde 15:3,4], vimba naKristu soMuponisi wako uye chipupura kuti ndiye mambo woupenyu hwako. *"...Kana ukapupura nomuromo wako kuti Jesu ndiye Ishe uye ukatenda mumwoyo wako kuti Mwari akamumutsa Kubva kuvakafa uchaponeswa"* [VaRoma 10:9].

4. *"Saka zvino, sezvawakagamuchira Kristu Jesu saShe wako, ramba uchifamba maari"* [VaKorose 2:6].